

ELMUNING SORA BASA SUNDA

Dr. Yayat Sudaryat, M.Hum.

Penerbit Pustaka Luang Bandung

RIWAYAT HIRUP

YAYAT SUDARYAT lahir di Tasikmalaya, 10 Pébruari 1963. Tamat SD (1975), SMP (1978), SMA (1982), S-1 IKIP (1986), S-2 UNPAD (1994), S-3 UNPAD (1994-), dan S-3 UPI (2004-).

Kungsi ngajar di SMP-SMA Yayasan Atikan Sunda (1985-1994), FKIP Unsil, Universitas Maranatha, STBA Yapari, jeung UNSUR Cianjur. Ti taun 1986 jadi dosen maneuh di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah (Sunda) FPBS UPI. Mata kuliah anu diapingna *Linguistik Umum*, *Fonologi*, *Wacana*, *Sémantik*, jeung *Psikolinguistik*. Kungsi nyekel kalungguhan jadi Pupuhu Widang Basa LBSS (1994-99), Sekretaris Jurusan Bahasa Daérah FPBS UPI (1999-2003), jeung Pupuhu Widang Pengajaran LBSS (Resapel 2004-2005; 2006--2011).

Sawatara tulisanana nyaeta *Pedaran Basa Sunda* (GS, 1985), *Ulukan Sémantik Sunda* (GS, 1994; meunang **Hadiah Basa LBSS**, 2003), *Ulukan Wacana Basa Sunda* (GS, 1994), *Fonologi Bahasa Indonésia* (Dirjén Dikti, 1997), *Model Pangajaran Kompetensi Basa Sunda* (Pamulang, 2004), *Elmuning Basa Sunda* (Walatra, 2004), *Kamus Istilah Elmuning Basa* (Karya Iptek, 2004), *Kamus Sunda-Indramayu-Cirebon-Indonesia (SUCI)* (Karya IPTEK, 2004), *Murba Basa SMP* (Karya IPTEK, 2005), *Waruga Basa SMA* (Karya IPTEK, 2006), *Miwanoh Basa TK/RA* (Karya IPTEK, 2006), *Banda Basa Sunda SD* (Mutiara Ilmu, 2006).

Sawatara buku nu ditulis babarengan, di antarana bae, *Pendidikan Bahasa Daérah* (Andira, 1992), *Kamekaran, Adegan, Kandaga Kecap Basa Sunda* (GS, 1994), *Padika Pangajaran Basa Sunda* (Dinas P & K Jabar, 1995), *Modél Bahan Pangajaran Basa Sunda* (Dinas P & K, 1996), *Satpel Basa Sunda SD* (GS, 1987), *Piwulang Basa SD* (GS, 1994), *Basa Sunda Urang SMP* (GS, 1994), *Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SLTP* (GS, 1995), *Pedoman KBK Basa Sunda* (GS, 2003), *Pedoman Pengembangan Silabus dan Sistem Penilaian Bahasa dan Sastra Sunda SD/MI dan SMP/MTs* (GS, 2004), *Pangrumat Basa Sunda* (Erlangga, 2006), *Wasita Basa Sunda* (Walatra, 2006), *Luang Basa SMP* (Pamulang, 2006), *Wengku Basa SD* (Pamulang, 2006), *Wisesa Basa SMP* (Pamulang, 2006).

Mindeng midangkeun makalah dina sawatara acara seperti:

(a) Penyuluhan Guru-guru SD, SMP, SMA sa-Jawa Barat (Disdik), (b) Seminar Bahasa dan Sastra (UNSIL, UPI), (c) Konférénsi Internasional Budaya Sunda (2000), (d) Temu Sastra dan Budaya se-Indonésia (2002), (e) Artikel-artikel dina Jurnal FPBS UPI jeung Jurusan.

ELMUNING SORA BASA SUNDA

© Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum.

Pamedal : Pustaka Luang
Alamat : KoJl. Dr. Setiabudhi No. 229 Bandung
Telp. (022) 2013163 ext. 2407
Lay out/setting : Tim Pustaka Luang
Gambar jilid : Tim Pustaka Luang
Citakan kahiji : Juli 1989
Citakan kadua : 2007

HAK CIPTA DITANGTAYUNGAN KU UNDANG-UNDANG

- Samsuri. 1994. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga.
- Sudaryanto. 1974. *Fonétik: Ilmu Bunyi yang Penyelidikannya dari Sudut Parole*.
- Sudaryat, Yayat. 1989. *Ulikan Fonologi Basa Sunda*. Bandung: Jurusan Sunda FPBS IKIP.
- Sudaryat, Yayat. 1991. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Ge-ger Sunten.
- Verhaar, J.W.M. 1982. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: UGM Press.
- Yudibrata, Karna. 1981. *Perbandingan Struktur Bahasa Sun-da-Bahasa Indonesia*. Bandung: FKSS.
- Yusuf, Suhendra. 1998. *Fonétik dan Fonologi*. Jakarta: Gra-media.

PANGJAJAP

Ieu buku téh dijudulan *Élmuning Sora Basa Sunda*. Ari eusina diwangun ku 10 bab kayaning: Bab I

Asalna mah ieu buku téh mangrupa bahan pangdeudeul kuliah fonologi di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. Ku lantaran réa dongsoan ti rupining pihak, anu mikabutuh pedaran anu leuwih lengkep dina wujud buku, nya disusun ieu buku téh.

Ieu buku téh moal biasa ngajanggelek tanpa pangrojong katut pangdeudeul ti sakumna pihak. Hatur nuhun ka sadayana.

Tangtu wae eusi tina ieu buku teh masih kénéh réa héngkérna. Perkara éta mah moal rék disumpumput-salindungkeun, da geus nembrak ieuh. Ku kituna, panyawad katut saran ti para mitra sadaya pikeun nyampurnakeun ieu buku pohara danti-antina.

Panutup catur, pamungkas carita, muga-muga baé ieu buku anu basajan téh aya mangpaatna pikeun urang sadayana. Cag, ah!

Bandung, Oktober 2005

Panyusun

- Ladefoged, Peter. 1973. *Preliminaries to Linguistic Phonetics*. Chicago and London: The University of Chicago Press.
- Lapoliwa, Hans. 1981. *Dasar-Dasar Fonétik*. Penataran Linguistik Umum Tahap 1, Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Malmberg, Bertil. 1963. *Phonetics*. New York: Dover Publications.
- Matthews, P.H. 1978. *Morphology: An Introduction to the Theory of Word Structure*. London: Morrison & Gibb, Ltd.
- Parera, Jos Daniel. *Pengantar Linguistik Umum: Fonetik dan Fonemik*. Ende: Nusa Indah.
- Pike, K.L. 1971. *A Technique for Reducing Language to Writing*. Ann Arbor: The Michigan Press.
- Pike, Kenneth L. 1947. *Phonemics A technique for Reducing Languages to Writing*. Ann Arbor. University of Michigan Press.
- Prawirasumantri, Abud, spk. 1990. *Kamekaran, Adegan, jeung Kandaga Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Ramlan, M. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: Karyono.
- Robins, R. H. 1989. *Linguistik Umum: Sebuah Pengantar* (terjemahan: Soenarjati Djajanegara). Yogyakarta: Kani-sius.
- Rosmana, Iyos Ana. 2000. "Prosés Morfofonémik dalam Bahasa Sunda" dalam *Bahtera* (Jurnal Bahasa dan Sastra Program Pascasarjana Pendidikan Bahasa Universitas Negeri Jakarta) No. 1 tahun 2000.

DAFTAR PUSTAKA

- Bloch, Bernard & George L. Trager. 1942. *Outline of Linguistics Analysis*. Baltimore, Md: Linguistics Society of America.
- Bronstrin, Arthur J. & Beatrice F. Jacoby. 1967. *Your Speech and Voice*. New York: Random House.
- Crystal, David. 1985. *Dictionary of Linguistics and Phonetics*. New York: Basil Blackwell.
- Elson, Benjamin & Velma Pickett. 1962. *Introduction to Morphology and Syntax*. Santa Ana, Calofornia: Summer Institute of Linguistics.
- Halim, Amran. 1974. *Intonation in Relation to Syntax in Bahasa Indonesia*. Proyek Pengembangan Bahan dan Sastra Indonesia dan Daerah Departemen Pendidikan dan Kebudayaan-Djambatan.
- International Phonetic Association. 1970. *The Principles of the International Alphabeth and the Manner of using it, Illustrated by the Text in 51 Languages*. London: Department of Phonetics, University College.
- Jones, Daniel. 1958. *Thr Pronunciation of English*. Fourth Edition, Cambridge, Great Britain at the University Press.
- Keraf, Gorys. 1980. *Tatabahasa Indonesia*. Ende: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 1987. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.

DAPTAR EUSI

PANGJAJAP	iii
DAPTAR EUSI	v
1. BUBUKA	1
1.1. Kalungguhan Fonologi	1
1.2. Watesan jeung Ambahan Fonologi	2
1.3. Kagunaan Diajar Fonologi	3
2. FONÉTIK	4
2.1. Watesan Fonétik	4
2.2. Warna Fonétik	4
2.2.1. Fonétik Organis	4
2.2.2. Fonétik Akustis	5
2.2.3. Fonétik Auditoris	5
2.3. Prosés Ngawangun Sora Basa	6
3. PAKAKAS UCAP	8
4. SORA BASA	17
4.1. Papasingan Sora Basa	17
4.1.1. Sora Vokal, Konsonan, jeung Sémi-Vokal	17
4.1.2. Sora Nasal jeung Oral	18
4.1.3. Sora Béntés (<i>Fortes</i>) jeung Alon (<i>Lenes</i>)	18
4.1.4. Sora Panjang jeung Pondok	18
4.1.5. Sora Rangkaian jeung Salancar	18
4.1.6. Sora Égrésif jeung Ingrésif	19
4.1.7. Géminat Jeung Homorgan	20

4.2. Cara Ngawangun Foném Basa Sunda	20
4.2.1. Cara Ngawangun Vokal	20
4.2.2. Cara Ngawangun Konsonan	25
4.2.3. Cara Artikulasi	27
4. 3. Ciri Fonétis Sora Basa	37
5. VARIAN SORA BASA	39
5.1. Varian Kauger (Alofon)	39
5.1.1. Varian Kauger (Alofon) Vokal	40
5.1.2. Varian Kauger (Alofon) Konsonan	44
5.2. Varian Bébas (altérnan)	48
5.2.1. Varian Bébas (Alternan) Vokal	49
5.2.2. Varian Bébas (Alternan) Konsonan	50
5.3. Pangaruh Sora Basa	50
5.3.1. Prosés Asimilasi	51
5.3.2. Prosés Disimilasi	51
5.3.3. Prosés Artikulasi Panyarta	51
5.4. Sora Supraségmental	52
5.4.1. Tekenan	53
5.4.2. Jangka	53
5.4.3. Wirahma	54
5.4.4. Randegan	55
6. TRANSKRIPSI JEUNG TRANSLITERASI	57
6.1. Transkripsi	57
6.2. Transliterasi	60
7. WATESAN JEUNG KAMEKARAN FONÉMIK	61
7.1. Watesan Fonémik	61
7.2. Kamekaran Fonémik	62
8. FONÉMISASI	64
8.1. Foném	64

Ulikan fonologi téh gedé gunana pikeun ahli basa, nu di-ajar basa, jeung guru basa. Ari sababna, fonologi baris méré gambaran kumaha carana sora-sora basa diucapkeun tur di-polakeun kalawan bener tur méré nah. Ku ngulik fonologi, masarakat basa Sunda moal matukeurkeun antara ucapan /f/ jeung ucapan /p/, kecap *Fatimah* upamana, moal diucapkeun *Patimah* ku lantaran /f/ béda ucapanana jeung /p/ dumasar kana analisis:

/f/ mangrupa foném: labio dental, frikatif, teu soraan

/p/ mangrupa foném: bilabial, mandeg, teu soraan

Balukar ayana pangaruh basa deungeun atawa kosta, basa Sunda mikawanoh foném /f/, /v/, /x/, /o/, jeung /z/. Ieu pangaruh téh nimbulkeun rupa-rupa masalah éjahan (*grafo-logis*), contona waé, ucapan /f/ jeung /v/ sok robah jadi /p/ atawa dipacorokeun, saperti anu kapanggih dina kecap-kecap: *fakultas*, *foném*, *folklor*, *film*, *filsafat*, *tv*, *universitas*, *vaksinasi*, *variétas*, *virus*, *video*, *valid*, jsté. Teu saeutik sok diucapkeun kieu: *pakultas*, *ponem*, *polklor*, *pilm*, *pilsapat*, *tipi*, *unipersitas*, *paksinasi*, *pariétas*, *pirus*, *pideo*, *palid*, jsté. Ucapan sora /z/ sok robah jadi /j/ atawa /s/ saperti anu kapanggih dina kecap *izin* jadi *ijin*, *zaman* jadi *jaman*, *inza* sok diucapkeun *inja*, atawa *insa*.

Nurutkeun Djajasudarma (1980:20-22) cara ngajarkeun ucapan atawa lafal, foném basa Sunda téh bisa ku jalan nyebutkeun vokal nu aya, tapi mangrupa kalimah, saperti ieu di handap:

a) *Aa, li, Ee, Öö, Uu*, jeung *Eueu* nyebutkeun *eueut* basa *ua Ai ngadunga téh*.

b) Atawa ku cara ngucapkeun sababaraha kali bari digancangkeun, ngucapkeun vokal /eu/ dina kalimah kieu: “*Laleur mapay areuy.*”

- Metode → /motode/ → /metode/
- (b) Sakur engang ahir anu muka atawa mangrupa vokal, ku panyatur BS mah condong diucapkeun glotis /?/, contona:
 - /kota/ → /kota?/ → /kota/
 - /saat/ → /sa?at/ → /saat/
- (c) Sakumana foném BI aya dina BS, malah varian-varian foném BS leuwih loba batan varian-varian foném BI. Ku kituna, mungkin waé panyatur BS anu keur ngucapkeun BI milampah *substitusi over diferensi*. Contona, foném-foném BI kayaning:
 - /f, v/ condong diucapkeun /p/
 - /sy, z/ condong diucapkeun /s/
- (d) Transfer ucapan BS kana BI téh henteu ngan tumerap kana foném ségméntal waé, tapi baris tumerap kana foném supraségméntal deuih kayaning: tekenan, wi-rahma, jeung randegan.

13.2. Problematika Pangajaran Fonologi Basa Sunda

Tujuan pangajaran basa Sunda téh dina enas-enasna sangkan siswa mibanda pangaweruh ngeunaan basa Sunda, mibanda kamahéran ngagunakeun basa Sunda, jeung mibanda sikep nu hadé kana basa Sunda. Pikeun ngahontal éta tujuan, tinangtu waé kudu binarung ku bahan atawa materi pangajaran anu lengkep, metode anu méréhah, media anu cocog, jeung pangajén (évaluation) nu keuna. Ayana bahan ajarkeuneun téh mangrupa salah sahiji sarat anu salawasna kudu katedunan. Bahan ajarkeuneun téh kaitung loba, diantaranya waé bahan pangajaran fonologi anu tujuanana sangkan siswa mibanda gambaran sistem sora basa nepi ka bisa ngunikeunana kalawan bener tur méréhah, atuh ahirna mah bisa ngalambangkeun atawa nuliskeun éta sora téa luyu jeung sistem éjahan basa Sunda.

8.2. Padika Maluruh Foném	64
8.2.1. Kaédah Fonemik	65
8.2.2. Prosédur Awal (<i>Preliminary Procedures</i>)	65
8.2.3. Prosédur Analisis (<i>Analytical Procedures</i>)	65
8.3. Prinsip Komutasi	67
9. FONOTAKTIK	69
10. DISTRIBUSI FONÉM	71
10.1. Distribusi vokal	71
10.2. Distribusi Konsonan	72
11. GUNDUKAN FONÉM	74
11.1. Gundukan Vokal	74
11.2. Gundukan Konsonan	76
11.3. Adegan Engang	82
11.3.1. Pola Engang	82
11.3.2. Wangunan engang	82
12. PROSÉS MORFOFONÉMIK/MORFOFONOLOGI BASA SUNDA	84
12.1. Watesan Prosés Morfofonémik	84
12.2. Papasingan Prosés Morfofonémik Nurutkeun Paraahli	85
12.3. Papasingan Prosés Morfofonémik dina Basa Sunda	86
12.3.1. Prosés Gantina Foném	86
12.3.2. Prosés Leungitna Foném	86
12.3.3. Prosés Tambahna Foném	88
12.3.4. Prosés Pindahna (Luncatna) Foném ..	90
12.3.5. Prosés Aworna Foném	90

13. IMPLEMENTASI PANGAJARAN FONOLOGI	92
13.1. Babandingan Basa Sunda jeung Basa Indonesia	92
13.2. Problematika Pangajaran Fonologi Basa Sunda	94
DAFTAR PUSTAKA	96
RIWAYAT HIRUP	99

dah BS. Éta kajadian téh lumangsung lantaran sistem sora BI diinterprétasikeun dumasar kana sistem sora BS.

Sabada dibandingkeun, tétéla aya masalah antara sistem sora BS jeung sistem sora BI. Yudibrata (1981:40-42) ngébréhkeun masalah-masalah antara sistem sora BS jeung sistem sora BI téh sarupa kieu:

- a) Sakabéh foném anu aya dina BI, dina BS ogé aya, balukarna mudir-murid anu basa indungna BS diduga henteu meunang bangbaluh dina ngaregepkeun jeung ngucapkeun BI.
- b) Ciri-ciri fonétis tina varian-varian BS mirip jeung varian-varian BI, balukarna murid-murid anu basa indungna BS moal loba meunang bangbaluh dina ngucapkeun foném-foném BI iwal dina perkara distribusi foném.
- c) Lamun foném-foném dianggap mirip tapi nyatana mibanda varian anu béda. Tinangtu baris muncul masalah anu anyar, contona
 - (e) Foném BI /d/ di ahir kecap nu diucapkeun /t/, ku panyatur BS mah diucapkeun tetep /d/.
 - (f) Foném BI /b/ di ahir kecap nu diucapkeun /p/, ku panyatur BS mah tetep /b/.
 - (g) Foném BI /g/ di ahir kecap nu diucapkeun /k/, ku panyatur BS mah tetep /g/.
 - (h) Foném BI /k/ di ahir kecap nu diucapkeun /?/, ku panyatur BS mah tetep /k/. Ku kituna, para panyatur BS baris ngucapkeun kecap-kecap téh kieu:
 - tekad → /tekad/ → /tekat/
 - lalap → /lalab/ → /lalap/
 - bedug → /bedug/ → /bedug/
 - anak → /anak/ → /anak/
 Ucapan sora /e/ tetep diucapkeun /e/, tapi ku panyatur basa Sunda mah condong diucapkeun /Ó/, contona:
 - Mode → /mode/ → /kota/

13. IMPLEMENTASI PANGAJARAN FONOLOGI

13.1. Babandingan Basa Sunda jeung Basa Indonesia

Tujuan ngabandingkeun sistem sora antara dua basa atawa leuwih nya éta sangkan bisa manggihan sasaruana atawa bédana di antara éta dua sistem sora basa téa. Basa Sunda jeung basa Indonesia téh sarungkun kénéh, ku kituna basa Sunda jeung basa Indonesia mibanda sasaruana jeung aya bédana. Pola-pola anu méh sarua biasana leuwih babari dipaluruhna batan pola-pola nu béda.

Basa Sunda (BS) bisa dianggap basa indung, basa kahiji; ari basa Indonesia (BI) mangrupa basa nu kadua. Nurutkeun Robert Lado (1957) basa indung téh pohara mangaruhana prosés diajar ngajar basa kadua. Ku kituna, murid-murid umumna mibanda kamampuh pikeun ngalakukeun transper adegan, harti, jeung distribusi fonologi basa indung kana basa kadua anu diulikna, boh lumangsung kalawan aktif boh lumangsung kalawan pasif.


Balukar tepungna jeung dalitna hubungan antara BS jeung BI, nya muncul *interferensi* waktu panyatur BS ngagunakeun BI. Interferensi téh nya éta makéna panyatur anu bilingual tur sifatna pribadi dina ngagunakeun basa indungna. Dina éta omongan téh baris muncul masalah-masalah méngparna ngagunakeun kaédah BI balukar ayana pangaruh kaé-

1. BUBUKA

1.1. Kalungguhan Fonologi

Basa téh hiji sistem lambang sora nu arbitrér nu dipaké ku masarakat manusa pikeun tujuan komunikasi minangka fénoména nu ngadumaniskeun dunya ma'na jeung dunya sora. Basa boga tilu subsistem nya éta subsistem fonologis, subsistem gramatikal, jeung subsistem léksikal. Éta tilu subsistem téh tumali jeung aspék-aspék sémantis. Hubungan éta tilu subsistem basa téh bisa digambarkeun saperti ieu di handap.

Gambar 1.1.
Hubungan Tilu Subsistem Basa



Subsistem fonologis ngawengku jihat sora basa, boh nu tumali jeung unsur artikulatoris, akustis, jeung auditoris nu ditalungtik ku fonétik, boh nu tumali jeung fungsina dina komunikasi nu ditalungtik ku fonémik. *Subsistem gramatikal* ngawengku kecap, babagian kecap (morfém), jeung kawangunna kecap nu ditalungtik ku morfologi; susunan kecap

saperti frasa, klausa, kalimah, jeung wacana nu ditalungtik ku sintaksis. *Subsistem léksikal* ngawengku kandaga kecap (léksikon) nu ditalungtik ku léksikologi. Subsistem fonologi, gramatikal, jeung léksikal tumali jeung aspék-aspék sémantis atawa harti nu ditalungtik ku sémantik.

1.2. Watesan jeung Ambahan Fonologi


Istilah *fonologi* asalna tina basa Yunani *phone* = 'sora', *logos* = 'élmu'. Pihartieunana, fonologi téh nya éta 'élmu sora'.

Fonologi téh bagian tina élmu basa nu maluruh sora, boh nu diucapkeun (*etik, parole*) boh nu aya dina pikiran kénéh (*emik, langue*). Objék ulikan fonologi anu kahiji maluruh sora omongan (*fon*) disebut tata sora (fonétik), ari nu kadua maluruh foném disebut tata foném (fonémik).

Cindekna, fonologi nya éta bagian tina élmu basa anu maluruh jeung medar sora-sora basa, prosésna, selang surupna katut parobahanana. Fonologi maluruh sora basa kalawan umum tur fungsional.

Objék garapan fonologi téh ngawengku dua perkara nya éta (1) fonétik jeung (2) fonémik.

Gambar 1.2.
Objék Garapan Fonologi



- a) kondur --- ka- + undur
- b) wewengkon --- R-an + wengku

3) Prosés Aworna Foném /ia/ jadi/é/

Runtuyan foném /ia/ tina dua morfém nu digabungkeun tur ngawangun hiji kecap sok aya nu awor jadi /é/ upama morfém *ka--an* atawa *pa--an* digabungkeun kana wangun anu ditungtungan ku foném /i/, contona:

- a) kabupatén --- ka--an + bupati
- b) kasaktén --- ka--an + sakti
- c) pasantrén --- ka--an + santri

12.3.4. Prosés Pindahna (Luncatna) Foném

Prosés pindahna/luncatna foném nu kapanggih tina data nu dianalisis téh nya éta foném /ar/ nu asalna tina morf /-ar-/ robah /ra/ upama morfém -ar- dikantétkeun kana wangun dasar nu dimimitian ku vokal, contona:

- a) arangkat --- -ar- + angkat
- b) arembung --- -ar- + embung
- c) arindit --- -ar- + indit
- d) aroyag --- -ar- + oyag

12.3.5. Prosés Aworna Foném

Prosés aworna foném nya éta ngahijina/leburna dua foném tina dua morfém jadi hiji foném.

1) Prosés Aworna Foném /aa/ jadi /a/

Runtuyan foném /aa/ tina dua morfém nu ngahubungkeun tur ngawangun hiji kecap sok aya nu awor jadi /a/. Ieu hal téh dilantarankeun ku ngagabungna morfém *ka--an*, *pa--an*, *R--an* kana wangun dasar nu ditungtungan ku foném /a/, contona:

- a) babasan --- R-an + basa
- b) kamulyan --- ka--an + mulya
- c) paseban --- pa--an + seba

2) Prosés Aworna Foném /ua/ atawa /au/ jadi /o/

Runtuyan foném /ua/ atawa /au/ tina dua morfém digabungkeun tur ngawangun hiji kecap sok aya nu awor jadi /o/ upama morfém *ka--an* atawa *R--an* ngagabung kana wangun dasar nu ditungtungan ku foném /u/ atawa morfém *tea* kana wangun dasar nu dimimitian ku foném /u/, contona:

- c) bebendon --- R--an + bendu
- d) karaton --- ka--an + ratu
- e) kocap --- ka- + ucap

1.3. Kagunaan Diajar Fonologi

Aya sajumlahing alesan ngeunaan gunana diajar fonologi, di antarana waé nya éta:

- a) mibanda pangaweruh jeung kaparigelan dina nganalisis sora basa --boh basa nu geus kacangking, boh basa nu asing-- lantaran nyaho kana struktur jeung pakakas alat ucap;
- b) bisa medar parobahan jeung variasi basa, contona: parobahan fonologis dina pijinisasi jeung kréolisasi hiji basa;
- c) wanoh kana kumaha cara budak nyangking kamampuh fonologi hiji basa (*language acquisition*);
- d) mantuan prosés pangajaran basa nu éféktif ku cara ngajarkeun ngucapkeun sora basa;
- e) mahér ngajarkeun kaparigelan basa dina hubunganana ngaregepkeun, ngucapkeun, jeung nuliskeun sora basa.

2. FONÉTIK

2.1. Watesan Fonétik

Istilah fonétik asalna tina basa Inggris *phonetics* hartina élmu anu nalungtik sora-sora tanpa niténan fungsina pikeun ngabédakeun harti (Verhaar, 1982:12; Marsono, 1986:1). Fonétik maluruh sora basa tina jihat ucapan atawa omongan (*parole*) (Sudaryanto, 1974:1).

Cindekna, fonétik nya éta bagian tina fonologi anu maluruh jeung medar sora basa tina jihat ucapan, kumaha cara ngawangunna nepi ka jadi geteran hawa sarta bisa ditarima ku panguping.

2.2. Warna Fonétik

Nilik jihat sora basa anu dipaluruhna, fonétik bisa dibagi tilu warna (Bloch & Trager, 1942:11; Verhaar, 1982:2) nya éta: (1) fonétik organis, (2) fonétik akustis, jeung (3) fonétik auditoris.

2.2.1. Fonétik Organik

Fonétik organis (artikulatoris, fisiologis) nya éta fonétik anu maluruh jeung medar cara mékanisme alat-alat ucap anu aya dina awak manusa ngahasilkeun sora basa (Gleason, 1955:239). Fonétik organis medar cara sora basa diwangun jeung diucapkeun, tur dipasing-pasing nurutkeun artikulasina. Ieu fonétik téh gegedéna asup widang garapan

1) Prosés Tambahna Foném /a/

Prosés tambahna foném /a/ bisa dilantarankeun ku dua hal, nya éta:

- (1) tepungna morfém N- jeung wangun dasar nu dimimiti-an ku foném /b, d, g, h, j, l, m, r, w, y/, contona:
 - a) ngabanda --- N- + banda
 - b) ngadadak --- N- + dadak
 - c) ngagalura --- N- + galura
 - d) ngahaja --- N- + haja
 - e) ngalahun --- N- + lahun
 - f) ngamusuh --- N- + musuh
 - g) ngarasa --- N- + rasa
 - h) ngawadul --- N- + wadul
 - i) ngayakinkeun --- N- + yakinkeun
- (2) tepungna morfém {-na} jeung wangun dasar nu geus dirarangkénan *-an* atawa *-eun*, contona:
 - a) ajianana --- -an + ajian
 - b) diadegkeunana --- -na + diadegkeun
 - c) tiluanana --- -na + tiluan

2) Prosés Tambahna Foném /ŋ/

Foném /ŋ/ sok muncul dina hiji wangun kompleks upama wangun dasarna dirajek (konfiks R--an) sarta éta wangun téh nuduhkeun harti diversitas/imitatif, contona:

- a) bongborosan --- R-an + boros
- b) céngcéléngan --- R-an + céléng
- c) dangdaunan --- R-an + daun

3) Prosés Tambahna Foném /na/

Foném /na/ sok muncul dina hiji wangun katatabasaan anu husus upama hiji wangun dasar dirarangkénan *-na*,contona:

- a) duanana --- -na + dua
- b) étanana --- -na + éta

(nasal). Alomorf anu muncul dina ieu prosés téh nya éta {m}, contona:

- a) maéhan --- N- + paéhan
- b) majar --- N- + pajar
- c) maju --- N- + paju

6) Prosés Leungitna Foném /s/.

Foném /s/ nu aya di awal hiji wangun dasar sok leungit upama éta wangun dasar téh dikantétkeun kana morfém N- (nasal). Alomorf anu muncul dina ieu prosés téh nya éta {ny-} contona:

- a) nyalindung --- N- + salindung
- b) nyambat --- N- + sambat
- c) nyanghulu --- N- + sanghulu

7) Prosés Leungitna Foném-Kadua tina Engang Kahiji Lantaran Dirajék

Foném kadua tina engang munggaran hiji wangun komplék leungit sabab dirajék. Data nu kapanggih téh nya éta wangun *iinditan* ==> *R-an + indit*

8) Prosés Leungitna Foném-Katilu tina Engang Munggaran Wangun-wangun nu Ngalaman Prosés Réduplikasi

Foném katilu tina engang munggaran wangun kompléks sok leungit upama éta wangun téh ngalaman prosés réduplikasi, contona:

- a) papanggungan --- R-an + panggung
- b) rerempagan --- R-an + rempag (badami)
- c) tatangkalan --- R-an + tangkal

12.3.3. Prosés Tambahna Foném

Prosés tambahna foném nya éta prosés munculna hiji foném balukar tepungna dua morfém atawa leuwih.


linguistik. Ku kituna, ku para linguistik diasupkeun kana widang linguistik tioritis. Ieu pedaran fonétik ogé, utamana mah bakal medar fonétik organis.

2.2.2. Fonétik Akustis

Fonétik akustis nya éta fonétik anu maluruh jeung medar sora basa dumasar kana aspék-aspék fisikna salaku geteran hawa (Malmberg, 1963:5). Sora basa dipaluruh frékuénsi geteranana, amplitudo, inténsitas, katut timbrena. Ieu fonétik téh raket patalina jeung fisika, atawa mangrupa élmu antar-disiplin antara linguistik jeung fisika. Fonétik akustis gedé gunana pikeun kaperluan praktis kayaning nyieun telepon, rékaman piringan hitam, *cassette recorder*, jsté.

2.2.3. Fonétik Auditoris

Fonétik auditoris nya éta fonétik anu maluruh jeung medar cara mékanisme panguping narima sora-sora basa salaku geteran hawa (Bronstein & Jacoby, 1967:70-72). Ieu fonétik téh gegebéna asup kana widang neurologi (kedokteran), atawa mangrupa élmu antardisiplin antara linguistik jeung kedokteran. Hubungan antara tilu fonétik tadi bisa katingal dina ieu gambar.



(Verhaar, 1977: 12)

Dina prakna nganalisis sora basa, aya pamarekan anu bisa digunakeun, nya éta *pamarekan paramétris*. Ieu pamarekan téh nyawang omongan salaku sistem fisiologis tunggal kalawan variabel-variabel artikulasi dina saluran sora nu terus obah sarta silihlingkepan dina diménsi waktu pikeun ngahasilkeun sora basa anu engkéna bakal disadap ku paregep.

2.3. Prosés Ngawangun Sora Basa

Geus ditétélakeun yén fonétik (artikulatoris) téh maluruh cara ngawangun sora-sora basa. Ari sumber kakuatan utama pikeun ngawangun sora basa téh nya éta hawa nu kaluar tina bayah (paru-paru). Hawa téa diseuseup ku bayah, terus dikaluarkeun deui bari ngambekan. Waktu kaluar hawa tina bayah sarta liwat kana tikoro, aya nu lancar tanpa panghalang, aya ogé nu meunang panghalang.

Dina prakna ngawangun jeung ngucapkeun sora, prosésna lumangsung dina hiji *kontinuum*. Dina analisis sora-sora nu fungsional, arus sora nu kontinuum téh biasa dipasing-pasing nurutkeun ruas atawa ségmén nu tangtu. Najan kitu, aya ogé sora nu teu bisa dipasing-pasing jadi ségmén-ségmén nu tangtu anu sok disebut sora supraségmental. Ku kituna, sora basa téh sok dibagi jadi (1) Sora ségmental, jeung (2) sora supraségmental.

Prosés kawangunna sora basa gurat badagna aya 4 rupa, nya éta: (1) prosés kaluar sora tina bayah, (2) prosés fonasi, nya éta liwatna sora dina tikoro, (3) prosés artikulasi nya éta prosés ngawangun sora ku artikulator jeung, (4) prosés oro-nasal, prosés kaluar sora ngaliwatan sungut atawa irung. Sangkan leuwih jéntré prosés kawanguna sora basa, bisa dititénan dina ieu gambar.

- a) mabuk --- N- + babuk
- b) males --- N- + bales
- c) malik --- N- + balik

Alomorf nu muncul tina ieu prosés morfofonémik téh nya éta {m}.

2) Prosés Leungitna Foném /c/

Foném /c/ nu aya di awal hiji wangun dasar sok leungit upama éta wangun dasar téh dikantétkeun kana morfém N- (nasal). Sarta morf N- téh robah jadi alomorf (ny), contona:

- a) nyaangan --- N- + caangan
- b) nyabak --- N- + cabak
- c) nyarita --- N- + carita

3) Prosés Leungitna Foném /k/

Foném /k/ nu aya di awal hiji wangun dasar sok leungit upama éta wangun dasar téh dikantétkeun kana morfém N- (nasal). Alomorf anu muncul dina ieu prosés téh nya éta {ng-}, contona:

- a) ngaléng --- N- + kaléng
- b) ngaput --- N- + kaput
- c) ngidul --- N- + kidul

4) Prosés Leungitna Foném /t/

Foném /t/ nu aya di awal hiji wangun dasar sok leungit upama éta wangun dasar téh dikantétkeun kana morfém N- (nasal). Alomorf anu muncul dina ieu prosés téh nya éta {n-}, contona:

- a) naék --- N- + taék
- b) nambut --- N- + tambut
- c) nampik --- N- + tampik

5) Prosés Leungitna Foném /p/

Foném /p/ anu aya di awal hiji wangun dasar sok leungit upama éta wangun dasar téh dikantétkeun kana morfém N-

- a) prosés penambahan foném, jeung
 - b) prosés hilangnya foném.
- Prawirasumantri, spk. (1990:34-35) jeung Sudaryat (1991:60-64) ngawincik prosés morfofonémik jadi lima rupa, nya éta:

- a) prosés robah atawa gantina foném,
- b) prosés tambahna foném,
- c) prosés leungitna foném,
- d) prosés uncatna foném, jeung
- e) prosés aworna foném.

12.3. Papasingan Prosés Morfofonémik dina Basa Sunda

Dina basa Sunda, papasingan prosés morfofonémik téh bisa dipasing-pasing kieu.

12.3.1. Prosés Gantina Foném

Prosés gantina foném nya éta digantina hiji foném ku foném séjén. Foném /r/ diganti ku foném /l/ upama infiks -ar- digabungkeun jeung wangun dasar nu dimimitian ku foném /l/, ditungtungan ku foném /r/ atawa ngandung foném /r/ dina runtuyan klusterna, contona:

- a) aludur --- -ar- + udur
- b) lalebet --- -ar- + lebet
- c) saleueur --- -ar- + seueur
- d) calipruk --- -ar- + cipruk


12.3.2. Prosés Leungitna Foném

Prosés leungitna foném nya éta prosés leungitna hiji foném ku sabab tepungna dua morfém atawa leuwih.

1) Prosés Leungitna Foném /b/

Foném /b/ nu aya di awal wangun dasar sok leungit upama éta wangun téh dikantétkeun kana morfém N- (nasal), contona:

Gambar 2.2.
Prosés Kawangunna Sora Basa



3. PAKAKAS UCAP

Saperti anu geus ditétélakeun saméméhna yén kawangunna sora basa téh diwangun ku opat rupa, nya éta: (1) hawa anu kaluar tina bayah ngaliwatan tikoro, (2) artikulator, bagian pakakas ucap anu bisa diusar-ésér, (3) artikulasi, bagian pakakas ucap anu jadi puseur tujuan atikulator, jeung (4) oro-nasal, jalan kaluarna hawa nu mangrupa sungut atawa irung (Ladefoged, 1973:2-3).

Ku sabab kakara gurat badagna, tetep urang can meunang gambaran kumaha fungsi pakakas ucap nu sabenerna. Ku kituna, saméméh ngajéntrékeun fungsi-fungsi pakakas ucap, bakal diwincik heula sakumna babagian awak nu raket patalina dina ngawangun sora basa.

- 1) Bayah (*lungs*)
- 2) Genggerong (*trachea*)
- 3) Puhu genggerong (*larynx*)
- 4) Pita sora (*vocal cords*)
- 5) Krikoid (*Cricoid*)
- 6) Tiroid (*Tyroid*) atawa gondok laki
- 7) Ariténoid (*Arythenoid*)
- 8) Rohangan elak-elakan (*pharynx*)
- 9) Epiglotis (*epiglottis*)
- 10) Akar létah (*root of tangué*)
- 11) Tonggong létah (*dorsum*)
- 12) Tengah létah (*medium*)

bahna foném balukar tepungna dua morfém atawa leuwih sarta ayana dina wangun katatabasaan nu geus ngalaman prosés morfologis.

Sakumaha nu geus ditétélakeun tadi, prosés morfofonémik téh mangrupa prosés nu muncul balukar ayana prosés morfologis. Prosés morfologis nu geus jinek dina basa Sunda ngawengku tilu rupa, nya éta: (1) ngararangkénan (*afiksasi*), (2) ngarajék (*reduplikasi*), (3) ngantétkeun (*komposisi*).

Prosés morfofonémik bisa kawangun ku sabab prosés afiksasi, reduplikasi, jeung komposisi. Anu ilahar mah munculna téh ku sabab prosés afiksasi jeung reduplikasi.

12.2. Papasingan Prosés Morfofonémik Nurutkeun Parahli

Nida (1978:200) ngébréhkeun yén prosés morfofonémik téh dipasing-pasing jadi genep rupa, nya éta:

- a) *assimilation*,
- b) *dissimilation*,
- c) *reduction of cluster*,
- d) *tone perturbation*,
- e) *loss of final vowel*,
- f) *patalization*, jeung
- g) *nasalization*.

Elson jeung Pickett (1962:40-45) nataan lima rupa prosés morfofonémik, nya éta:

- a) *assimilation*,
- b) *loss of phonemes*,
- c) *tone parturbation*,
- d) *methatesis*, jeung
- e) *reduplication*.

Ramlan (1987:83) ngabagi prosés morfofonémik jadi tilu rupa nya éta:

- a) prosés perubahan foném,

12. PROSÉS MORFOFONÉMIK/ MORFOFONOLOGI BASA SUNDA

12.1. Watesan Prosés Morfofonémik

Nida (1987:200) méré katerangan yén "*all allomorphic alternation should be filed in the morphophonemic section of the file.*" Sakabéh gantina alomorf bisa diasupkeun dina bagian morfofonémik. Ku kituna, Ramlan (1987:83) nétélakeun yén morfofonémik téh maluruh parobahan-parobahan foném nu muncul balukar tepungna morfém jeung morfém. Pon kitu deui, Samsuri (1987:201) negeskeun yén studi ngeunaan parobahan-parobahan dina foném-foném nu dilantarankeun ku hubungan dua morfém atawa leuwih sarta méré tanda-tanda disebut morfofonémik.


Foném-foném anu muncul balukar tepungna dua morfém atawa leuwih téa ku Elson & Pickett (1962:39) dibéré ngaran *pseudophonemes*.

Morfofonémik téh satemenna mah gabungan ulikan antara tata basa (*grammar*) jeung fonologi (Crystal, 1985:39). Éta ulikan téh ngawengku asimilasi jeung disimilasi, sarta ku Mathews (1979:196-198) dibéré ngaran *sandhi*.

Prawirasumantri, spk. (1990:34) jeung Sudaryat (1991:60) méré watesan nu ampir sarua jeung paraahli basa séjénna yén prosés morfofonémik téh mangrupa prosés parobahan foném balukar tepungna dua morfém atawa leuwih.

Tina sababaraha katerangan nu geus dipedar di luhur, bisa dicindekeun yén morfofonémik téh mangrupa prosés ro-

Gambar 3.1.
Pakakas Ucap Manusa



(Verhaar, 1977: 13)

- 13) Daun létah (*lamina*)
- 14) Tungtung létah (*apex*)
- 15) Elak-elakan (*uvula*)
- 16) Lalangit hipu (*velum*)
- 17) Lalangit teuas (*palatum*)
- 18) Gugusi (*alveolum*)
- 19) Huntu luhur (*dentum*)
- 20) Huntu handap (*dentum*)
- 21) Biwir luhur (*labium*)
- 22) Biwir handap (*labium*)
- 23) Sungut/cangkem/baham (*mouth*)
- 24) Rohangan sungut (*mouth cavity*)
- 25) Rohangan irung (*nasal cavity*)

Pakakas ucap (alat ucap) téh mibanda fungsi husus tur séwang-séwangan. Saterusna dipedar kalawan ringkes sawatara fungsi pakakas ucap.

1) Bayah (*Lungs*)

Bayah mibanda fungsi pikeun ngambekan. Enas-enasna mah ngambekan téh ngaliwatan dua prosés, nya éta: (1) **engap**, nya éta prosés nyeuseup sora atawa hawa kana bayah, nu disebut oksigén (O₂) téa; jeung (2) **ngarénghap**, nya éta prosés ngaluarkeun hawa tina bayah, nu disebut karbondioksida (CO₂).

Salila kumelendang di ieu dunya, paru-paru manusa sawatara engap-engapan. Éta bayah téh mibanda fungsi pikeun ngaluarkeun hawa nu jadi sumber ngawangun sora omongan téa (Pike, 1974).

2) Puhu Genggerong (*Larynx*)

Puhu genggerong téh nya éta rohangan dina tungtung solobong pernapasan. Ieu puhu genggerong téh diwangun

- b) VK: an-cin, ing-kig, un-cal, én-tog, jste.
- c) KV: kon-ci, ca-i, ba-pa, na-on, ré-a, jste.
- d) KVK : buk-ti, tun-duh, kon-ci, én-tog, jste.
- e) KKV : bru-bro, ge-bro, ti-bra, nyong-clo, jste.
- f) KKVK : nga-ileng.

Jaba ti éta, ku aya pangarung basa kosta, basa Sunda, mikawanoh wangunan engang kieu.

- a) VKK : ons, éks.
- b) KVKK : teks, kon-téks
- c) KKVKK : kom- pléks
- d) KKKV : stra-té-gi, stra-ta
- e) KKKVK : struk-tur, in-struk-si
- f) KVKKK : korps

11.3. Adegan Engang

Adegan engang nya éta wangun engang disawang tina susunan foném anu jadi pangwangunna. Adegan engang mangrupa vokal, atawa pabaurna vokal jeung konsonan dina ngawangun engang (silaba). Jadi, adegan engang téh raket patalina jeung pola katut wangunan engang.

11.3.1. Pola Engang

Pola atawa sistem engang basa Sunda anu nyoko dina kecap biasa dirumuskeun kieu.

- a) Kecap-kecap asal dina basa Sunda aya nu diwangun ku:
 - (a) Saengang (ekasuku): /jeung/
 - (b) Dua engang (dwisuku): /bapa/
 - (c) Tilu engang (trisuku): /kalapa/
 - (d) Opat engang (catusuku): /andalemi/
 - (e) Lima engang (pancasuku): /murukusunu/
- b) Vokal dina basa Sunda bisa madeg mandiri jadi engang, contona: /a-ki/, /e-ma/, /i-eu/ .
- c) Konsonan dina basa Sunda teu bisa madeg mandiri jadi engang.
- d) Konsonan ngantet (kluster) basa Sunda salawasna nyicingan posisi di awal kecap, taya nu nyicingan posisi di tungtung kecap iwal nu mangrupa pangaruh basa deungeun, contona: -ks dina kecap /kompleks/.
- e) Konsonan kadua dina runtuyan konsonan ngantét umumna mangrupa konsonan /l/, /r/, /w/, jeung, /y/; sok sanajan nu dituturkeun ku /w/ jeung /y/ mah pohara saeutikna.

11.3.2. Wangunan Engang

Wangunan engang mangrupa susunan vokal atawa pabaurna vokal jeung konsonan dina hiji engang. Wangunan engang atawa pola kanonik basa Sunda téh kieu.

- a) V : a-ya, i-mah, u-ba, e -céng, e-ma, eu-weuh.

ku opat komponén, nya éta: (1) tulang rawan krikoid, (2) tulang rawan ariténoid, (3) sapasang pita sora, jeung (4) tulang rawan tiroid (Malmberg, 1963:22).

Genggerong (*larynx*), rohangan elak-elakan (*pharynx*), pita sora (*vocal cords*), jeung elak-elakan (*uvula*). Genggerong mibanda fungsi pikeun liwatna hawa tina bayah, rohanganana bisa muka atawa nutup. Upama rohangan tikoro muka bakal ngawangun sora vokal, sabalikna upama rohangan tikoro nutup bakal ngawangun sora konsonan. Tangtuna waé, kahanan pita sora kacida pentingna dina ngahasilkeun sora. Pedaran ngeunaan fungsi pita sora ditétélakeun ieu di handap.

3) Rohangan Elak-elakan (*Pharynx*)


Rohangan elak-elakan aya di antara puhu tikoro jeung rohangan sungut katut rohangan irung. Gunana pikeun solobong hawa anu bakal ngageter bareng jeung pita sora. Ari sora nu dihasilkeunana disebut sora faringal.

4) Pita Sora (*Vocal Cords*)

Pita sora téh sora téh diatur ku sistem otot Ariténoid. Pita sora bagian hareup ngait kana tulang rawan tiroid, ari pita sora bagian tukang ngait kana tulang rawan aritenoid. Pita sora téh bisa muka lega atawa nutup, gunana mangrupa kelép anu ngatur jalanna hawa tina bayah waktu liwat kana tikoro.

Balukar muka jeung nutupna pita sora, ahirna muncul lolongkrang di antara pita sora anu disebut glotis. Posisi glotis téh aya opat rupa: muka lega, muka, nutup, jeung nutup rapat. Prosés ngageterkeun pita sora téh disebutna *prosés fonasi*. Éta prosés téh bisa digambarkeun saperti kieu.

Gambar 3.2.
Prosés Muka-Nutupna Glotis



(Malmberg, 1963:25).

Posisi Glotis téh bakal mangaruhan kana kawangunna sora basa. Lamun posisi glotis muka bakal ngahasilkeun sora tanyoara, sabalikna lamun posisi glotis nutup bakal ngahasilkeun sora nyoara. Ieu di handap dijéntrékeun sikep pita sora waktu ngawangun sora basa.

(1) Sikep pita sora waktu ngambekan

Waktu ngambekan pita sora muka lega nepi ka hawa nu kaluar tina bayah liwat kana tikoro taya nu ngahalangan. Sikep pita sora kieu téh umumna ngahasilkeun sora vokal jeung sora [h p, t, s k].

Rupa-rupaning sikep pita sora bisa leuwih jéntré dititénan dina gambar ieu di handap.

/-gl-/ saperti dina kecap/seglong/
/-jl-/ saperti dina kecap /gajleng/
/-pl-/ saperti dina kecap/gaplok/

b) Gundukan konsonan mandeg ditambah konsonan geter

/r/:
/-br-/ saperti dina kecap /gabrug/
/-cr-/ saperti dina kecap /gecruk/
/-gr-/ saperti dina kecap /segruk/
/-jr-/ saperti dina kecap /gejré/
/-kr-/ saperti dina kecap /bakrik/
/-pr-/ saperti dina kecap /keprok/

c) Gundukan konsonan mandeg jeung geser ditambah konsonan palatal /y/:

/-by-/ saperti dina kecap /gebyar/
/-hy-/ saperti dina kecap /sanghyang/
/-py-/ saperti dina kecap /kopyok/

Jaba ti éta, dina basa Sunda kluster-kluster a), b), jeung c) di luhur bisa dikantétkeun jeung konsonan N(asal), conto-na:


/-pl-/ -- /-mpl-/ saperti dina kecap /tamplok/
/-kl-/ -- /-nkl-/ saperti dina kecap /ngangkleung/
/-bl-/ -- /-mbl-/ saperti dina kecap /gamblung/
/-jl-/ -- /-njl-/ saperti dina kecap /geunjleung/
/-cl-/ -- /-ncl-/ saperti dina kecap /kencling/
/-pr-/ -- /-mpr-/ saperti dina kecap /semprot/
/-kr-/ -- /-ŋkr/ saperti dina kecap /nongkrong/
/-br-/ -- /-mbr-/ saperti dina kecap /gambréng/
/-jr-/ -- /-njr-/ saperti dina kecap /genjring/
/-dr-/ -- /-ndr-/ saperti dina kecap /gandrung/
/-tr-/ -- /-ntr-/ saperti dina kecap /kentrong/

/-lc-/	saperti dina kecap	/culcel/
/-lk-/	saperti dina kecap	/polka/
/-lb-/	saperti dina kecap	/bolbol/
/-ld-/	saperti dina kecap	/kaldo/
/-lj-/	saperti dina kecap	/juljol/
/-ls-/	saperti dina kecap	/salsé/
/-lh-/	saperti dina kecap	/ilham/
/-lm-/	saperti dina kecap	/jalma/
/-rp-/	saperti dina kecap	/garpuh/
/-rt-/	saperti dina kecap	/harti/
/-rc-/	saperti dina kecap	/arca/
/-rk-/	saperti dina kecap	/perkara/
/-rb-/	saperti dina kecap	/perbawa/
/-rd-/	saperti dina kecap	/perdana/
/-rj-/	saperti dina kecap	/sarjana/
/-rg-/	saperti dina kecap	/margi/
/-rs-/	saperti dina kecap	/kersa/
/-rh-/	saperti dina kecap	/gerhana/
/-rw-/	saperti dina kecap	/purwa/
/-ry-/	saperti dina kecap	/karya/
/-rm-/	saperti dina kecap	/darma/
/-rn-/	saperti dina kecap	/warna/
/-rl-/	saperti dina kecap	/lurlar/

Tina béréndélan di luhur, gundukan konsonan anu disebut kluster, nya éta gundukan dua kecap atawa leuwih nu di ucapkeun babarengan sarta aya dina hiji engang mah kawilang saeutik. Geura titénan ieu di handap!

- a) Gundukan konsonan mandeg ditambah konsonan lateral /l/:
- /-bl-/ saperti dina kecap/geblug/
 - /-cl-/ saperti dina kecap/aclok/

Gambar 3.3.
Rupa-Rupaning Posisi Glotis



(Ladefoged, 1973: 6)

Katerangan: 1 = glotis (rohangan, liang pita sora)
2 = pita sora

- (2) Sikep pita sora ngageter
Lamun pita sora ngageter, bagian luhurna sok muka saeutik nepi kawangun sora [b,d,g,m,r]. Lamun pita sora teu ngageter, bakal ngahasilkeun sora [p,t,c,k,f,h,s].

- (3) Sikep pita sora waktu ngedalkeun letupan glotal
Waktu ngucapkeun konsonan glotal, pita sora nutup nepi ka sora nu liwat kana tikoro téh eureun sakeudeung, sar-ta ngahasilkeun sora hamzah [ʔ].
- (4) Sikep pita sora waktu ngaharéwos
Posisi pita sora waktu ngaharéwos bagian handapna nutup saeutik, hawa nu kaluarna ogé ngurangan nepi ka sora–sora basa téh henteu écés kadéngéna.

5) Lalangit Hipu (*Velum*) jeung Elak-elakan (*Uvula*)

Lalangit hipu (*velum*) katut bagian tungtungna nya éta elak-elakan (*uvula*) dina ngahasilkeun sora basa, bisa turun atawa naék. Dina kaayaan ngambekan normal lalangit hipu jeung elak-elakan téh turun, nepi ka hawa bisa lalua ngaliwatan irung, kaasup waktu ngawangun sora nasal. Dina waktu ngahasilkeun sora nonnasal atawa heuay, lalangit hipu jeung elak-elakan téh naék nutup lolongkrang irung. Sora basa nu dihasilkeun ku lalangit hipu téh disebutna *sora vélar*, ari sora anu dihasilkeun ku cara ngahalangkeun elak-elakan disebutna *sora uvular*.

6) Lalangit Teuas (*Palatum*)


Lalangit teuas mangrupa susunan tutulangan. Bagian hareupna ti mimiti lalangit cekung ka luhur, terus dituturkeun, ku bagian tukang anu hipu. Dina ngahasilkeun sora basa, lalangit teuas téh jadi artikulator pasif, ari artikulator aktifna mah tungtung létah jeung tengah létah. Sora anu dihasilkeun ku lalangit teuas téh disebutna *sora palatal*, sora anu dihasilkeun ku tungtung létah (*apex*) disebutna *sora apical*, ari sora anu dihasilkeun ku panghalang tengah létah (*medium*) disebut *sora medial*. Éta sora-sora téh sok digabungkeun jadi *apikopalatal* jeung *medio-palatal* (Bloch & Trager, 1942:15).

Posisi elak-elakan jeung lalangit téh bakal leuwih jéntré dina gambar ieu.

/-hr-/	saperti dina kecap	/muhrim/
/-yh-/	saperti dina kecap	/hareuyheuy/
/-mp-/	saperti dina kecap	/tampa/
/-mc-/	saperti dina kecap	/camcau/
/-mb-/	saperti dina kecap	/tamba/
/-mj-/	saperti dina kecap	/jamjam/
/-ms-/	saperti dina kecap	/samsu/
/-mh-/	saperti dina kecap	/jamhur/
/-my-/	saperti dina kecap	/omyang/
/-ml-/	saperti dina kecap	/amleng/
/-mr-/	saperti dina kecap	/amrin/
/-np-/	saperti dina kecap	/tanpa/
/-nt-/	saperti dina kecap	/huntu/
/-nc-/	saperti dina kecap	/nanceb/
/-nk-/	saperti dina kecap	/hunkué/
/-nd-/	saperti dina kecap	/tanda/
/-nj-/	saperti dina kecap	/nanjak/
/-ns-/	saperti dina kecap	/tansah/
/-np-/	saperti dina kecap	/pingpin/
/-nt-/	saperti dina kecap	/tangtu/
/-nc-/	saperti dina kecap	/cangcut/
/-nk-/	saperti dina kecap	/nangka/
/-nb-/	saperti dina kecap	/bangbung/
/-nd-/	saperti dina kecap	/dangdan/
/-nj-/	saperti dina kecap	/kangjeng/
/-ng-/	saperti dina kecap	/ganggu/
/-ns-/	saperti dina kecap	/langsung/
/-nh-/	saperti dina kecap	/cénghar/
/-ny-/	saperti dina kecap	/dangyang/
/-nj-/	saperti dina kecap	/mangle/
/-nr-/	saperti dina kecap	/cangra/
/-lp-/	saperti dina kecap	/alpuket/
/-lt-/	saperti dina kecap	/tultel/

/-dm-/	saperti dina kecap	/padmi/
/-dn-/	saperti dina kecap	/nolédnad/
/-dl-/	saperti dina kecap	/lodlod/
/-dr-/	saperti dina kecap	/ledrek/
/-jl-/	saperti dina kecap	/gejlok/
/-jr-/	saperti dina kecap	/gejrét/
/-gd-/	saperti dina kecap	/dugdeg/
/-gj-/	saperti dina kecap	/jagjag/
/-gy-/	saperti dina kecap	/mugyag/
/-gm-/	saperti dina kecap	/melegmeg/
/-gl-/	saperti dina kecap	/liglag/
/-gr-/	saperti dina kecap	/segruk/
/-sp-/	saperti dina kecap	/waspada/
/-st-/	saperti dina kecap	/wasta/
/-sk-/	saperti dina kecap	/saniskara/
/-sb-/	saperti dina kecap	/asbak/
/-sh-/	saperti dina kecap	/mashur/
/-sw-/	saperti dina kecap	/waswas/
/-sm-/	saperti dina kecap	/tasma/
/-sl-/	saperti dina kecap	/asli/
/-sr-/	saperti dina kecap	/asri/
/-hp-/	saperti dina kecap	/rampohpoy/
/-ht-/	saperti dina kecap	/tahta/
/-hk-/	saperti dina kecap	/kahkéh/
/-hb-/	saperti dina kecap	/bihbul/
/-hd-/	saperti dina kecap	/dahdir/
/-hg-/	saperti dina kecap	/gahgar/
/-hs-/	saperti dina kecap	/ihsan/
/-hw-/	saperti dina kecap	/tawéhwoh/
/-hm-/	saperti dina kecap	/brahma/
/-hn-/	saperti dina kecap	/nahnay/
/-hŋ-/	saperti dina kecap	/ngohngor/
/-hl-/	saperti dina kecap	/ahli/

Gambar 3.4.
Posisi Lalangit jeung Elak-elakan dina Posisi Turun



7) Gugusi (*Alveolum*)

Gugusi mangrupa tempat cicingna huntu. Gugusi bisa disebut daérah suku huntu. Dina ngawangun sora basa, gugusi téh jadi artikulator aktifna, artikulator pasifna mah tungtung létah. Sora anu dihasilkeun ku gugusi disebut *sora alvéolar*. Jaba ti éta, gugusi bisa babarengan jeung daun létah (*lamina*) dina ngawangun sora basa téh, nepi ka ngahasilkeun *sora laminal*. Gabungan éta dua sora téh sok disebut *sora lamino-alvéolar*.

8) Huntu (*Dentum*)

Huntu téh dibagi dua, nya éta huntu luhur jeung huntu handap. Dina ngawangun sora basa, huntu anu gedé peranana téh nya éta huntu luhur. Huntu luhur biasana babarengan jeung biwir handap atawa tungtung létah. Sora basa anu dihasilkeun ku huntu luhur jeung huntu handap disebut *sora déntal*, sora basa anu dihasilkeun ku huntu luhur jeung biwir handap disebut *sora labio-déntal*, ari sora basa anu diwangun ku huntu luhur jeung tungtung létah disebut *sora apiko-déntal*.

9) Biwir (*Labium*)

Biwir dibagi jadi dua nya éta biwir luhur jeung biwir handap. Dina ngawangun sora basa, biwir luhur mibanda fungsi jadi artikulator pasif babarengan jeung biwir handap jadi artikulator aktif. Sora anu dihasilkeun ku dua biwir téh disebut *sora bilabial*

10) Létah

Létah dina ngawangun sora basa mibanda peranan aktif jadi artikulator. Létah bisa dibagi lima bagian: akar létah (*root*), puhu létah (*dorsum*), tengah létah (*medium*), daun létah (*lamina*), jeung tungtung létah (*apex*). Lamun akar létah babarengan jeung lolongkrang tikoro bakal ngahasilkeun *sora radiko-faringal*, puhu létah babarengan jeung lalangit hipu bakal ngahasilkeun *sora dorso vélar*, tengah létah babarengan jeung lalangit teuas bakal ngahasilkeun *sora médio-palatal*, tungtung létah babarengan jeung lalangit teuas bakal ngahasilkeun *sora apiko-palatal*, tungtung létah babarengan jeung gugusi ngahasilkeun *sora apiko-alvéolar*, lamun jeung huntuh luhur ngahasilkeun *apiko-déntal*.

Conto runtuyan konsonan dina kecap bisa dititénan ieu di handap.

/-pt-/	saperti dina kecap	/tuptép/
/-pg-/	saperti dina kecap	/gupgap/
/-ps-/	saperti dina kecap	/napsu/
/-ph-/	saperti dina kecap	/haphap/
/-py-/	saperti dina kecap	/karapyak/
/-pl-/	saperti dina kecap	/gapléh/
/-pr-/	saperti dina kecap	/aprak/
/-tp-/	saperti dina kecap	/putpet/
/-tb-/	saperti dina kecap	/butbet/
/-td-/	saperti dina kecap	/randutdut/
/-tw-/	saperti dina kecap	/satwa/
/-tm-/	saperti dina kecap	/atma/
/-tr-/	saperti dina kecap	/atra/
/-cl-/	saperti dina kecap	/acleng/
/-cr-/	saperti dina kecap	/kecrot/
/-kp-/	saperti dina kecap	/pokpék/
/-kt-/	saperti dina kecap	/taktak/
/-kc-/	saperti dina kecap	/cékcok/
/-kb-/	saperti dina kecap	/bukbak/
/-kd-/	saperti dina kecap	/takdir/
/-kg-/	saperti dina kecap	/gukgok/
/-ks-/	saperti dina kecap	/paksa/
/-kw-/	saperti dina kecap	/dakwa/
/-kñ-/	saperti dina kecap	/nyaraknyak/
/-bd-/	saperti dina kecap	/sabda/
/-bh-/	saperti dina kecap	/halabhab/
/-by-/	saperti dina kecap	/gebyar/
/-bl-/	saperti dina kecap	/jemblog/
/-br-/	saperti dina kecap	/gebrug/
/-dh-/	saperti dina kecap	/hodhod/
/-dy-/	saperti dina kecap	/kadya/

kal séjénna kayaning /iɛ/, /ɛi/, /ɛe/, /ɛo/, /ɛu/, /ei/, /eɛ/, /eö/, /eo/, /eu/, /oe/, /oö/, /ue/, /uo/, jeung /ae/.

11.2. Gundukan Konsonan

Gundukan konsonan nya éta runtuyan datar tina dua konsonan atawa leuwih bari teu kaselapan ku vokal, boh nu biasa, boh nu mangrupa kluster. Indéks vertikal nuduhkeun komponén kahiji, ari indéks horizontal nuduhkeun komponén kadua. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabel 11.2.
Gundukan Konsonan

	p	t	c	k	?	b	d	j	g	s	h	w	y	m	n	ñ	ŋ	l	r
p	-	pt	-	-	-	-	-	-	pg	ps	ph	-	py	-	-	-	-	pl	pr
t	tp	-	-	-	-	tb	td	-	-	-	-	tw	-	tm	-	-	-	-	tr
c	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	cl	cr
k	kp	kt	kc	-	-	kb	kd	-	kg	ks	-	kw	-	-	-	kñ	-	kl	kr
?	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
b	-	-	-	-	-	-	bd	-	-	-	bh	-	by	-	-	-	-	bl	br
d	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	dh	-	dy	dm	dn	-	-	dl	dr
J	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	jl	jr
g	-	-	-	-	-	-	gd	gj	-	-	-	-	gy	gm	-	-	-	gl	gr
s	sp	st	-	sk	-	sb	-	-	-	-	sh	sw	-	sm	-	-	-	sl	sr
h	hp	ht	-	hk	-	hb	hd	-	hg	hs	-	hw	-	hm	hn	-	hŋ	hl	hr
w	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
y	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	yh	-	-	-	-	-	-	-	-
m	mp	-	mc	-	-	mb	-	mj	-	ms	mh	-	my	-	-	-	-	ml	mr
n	np	nt	nc	nk	-	-	nd	nj	-	ns	-	-	-	-	-	-	-	-	-
ñ	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-
ŋ	ŋp	ŋt	ŋc	ŋk	-	ŋb	ŋd	ŋj	ŋg	ŋs	ŋh	-	ŋy	-	-	-	-	ŋl	ŋr
l	lp	lt	lc	lk	-	lb	ld	lj	-	ls	lh	-	ly	lm	-	-	-	-	-
r	rp	rt	tr	rk	-	rb	rd	rj	rg	rs	rh	rw	ry	rm	rn	-	-	rl	-

4. SORA BASA

4.1. Papasingan Sora Basa

Sora basa bisa dipasing-pasing jadi (1) vokal, konsonan, jeung sémivokal (Jones, 1958:12), (2) nasal jeung oral (Hyman, 1974: Bab 2), (3) panjang jeung pondok (Jones, 1958:136), (4) béntés jeung halon (Malmberg, 1963:51-52), (5) rangkepan jeung salancar (Jones, 1958:22), (6) Égrésif jeung ingrésif (Ladefoged, 1973:23), jeung (7) géminat jeung homorgan (Robins, 1980, Bab 8).

4.1.1. Sora Vokal, Konsonan, jeung Sémivokal

Sacara umum, sora basa téh kabagi kana tilu rupa, nya éta vokal, konsonan, jeung sémivokal (Jones, 1958:12). Ieu papasingan téh dumasar kana aya heunteuna hahalang (prosés artikulasi) dina pakakas ucap. Hahalang dina pita sora tara disebut artikulasi.

Ari nu disebut sora vokal (vokoid) nya éta sora basa anu dihasilkeun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu liwat kana tikoro teu meunang panghalang. Panghalang pikeun sora vokal ngan dina pita sora wungkul, sarta henteu biasa disebut prosés artikulasi. Demi sora konsonan (kontoid) nya éta sora basa anu diwangun ku hawa anu kaluar tina bayah sarta waktu liwat kana tikoro meunang panghalang. Ari sora sémivokal (sémivokoid) nya éta sora basa anu praktisna kaasup kana konsonan, tapi ku lantaran waktu diartikulasikeun

cara ngawangun konsonan, aya digolongkeun husus. Sora sémivokal téh nya éta [w] nu kaasup kana biodéntal, jeung [y] nu kaasup kana médiopalatal.

4.1.2. Sora Nasal jeung Oral

Papasingan sora nasal jeung oral téh dumasar kana kaluarna sora kalawan dibarengan ku hawa nu ngaliwatan rohangan irung. Ku kituna, anu disebut sora nasal nya éta sora basa anu kaluarna atawa dibarengan ngaliwatan rohangan irung, carana ku nurunkeun lalangit hipu katut elak-elakan. Ari sora oral nya éta sora basa anu kaluarna ngaliwatan rohangan sungut, carana ku naékkeun lalangit hipu katut elak-elakan nepi ka nutupan rohangan irung.

4.1.3. Sora Béntés (*Fortes*) jeung Alon (*Lenes*)

Papasingan sora béntés jeung alon téh dumasar kana rengkeng henteuna kakuatan hawa dina waktu hiji sora basa diartikulasikeun (Malmberg, 1963:51-52). Sora béntés nya éta sora basa anu diwangun ku cara ngalegaan rohangan résonansi saluran omongan, contona: [i, ɔ, o, u]. Ari sora alon nya éta sora basa anu diwangun ku cara ngaheureutan rohangan résonansi saluran omongan.

4.1.4. Sora Panjang jeung Pondok

Sora panjang nya éta sora anu waktu diartikulasikeunana lila, ari sora pondok nya éta sora anu waktu diartikulasikeunana sakeudeung (Jones, 1958:136). Tanda sora panjang biasana ngagunakeun tanda gurat pondok di luhureun hiji sora; atawa ngagunakeun tanda titik dua di katuhueunana, contona: [a] panjang ditulis [ā] atawa [a:].

4.1.5. Sora Rangkepan jeung Salancar

Sora rangkepan nya éta sora basa anu diwangun ku dua sora atawa leuwih nu diucapkeun sawaktu. Rangkepan dua

- b) Vokal /é/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
/é/ saperti dina kecap [lɛʔɛH]-/iééh/
/o/ saperti dina kecap [kɛoʔŋ]-/kéong/
/a/ saperti dina kecap [lɛʔah]-/léah/
- c) Vokal /e/ bisa ngaruntuy jeung vokal
/ee/ saperti dina kecap [heʔeh]-/heeh/
- d) Vokal /eu/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
/i/ saperti dina kecap [lōir]-/leuir/
/eu/ saperti dina kecap [sōʔöl]-/seueul/
/a/ saperti dina kecap [tōas]-/teuas/
- e) Vokal /o/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
/i/ saperti dina kecap [koʔid]-/koid/
/é/ saperti dina kecap [koʔɛr]-/koér/
/o/ saperti dina kecap [goʔoŋ]-/goong/
/u/ saperti dina kecap [soʔun]-/so'un/
/a/ saperti dina kecap [boʔaʔ]-/boa/
- f) Vokal /u/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
/i/ saperti dina kecap [muʔih]-/muih/
/é/ saperti dina kecap [kuʔɛh]-/kuéh/
/ö/ saperti dina kecap [cuʔöt]-/cueut/
/u/ saperti dina kecap [suʔuk]-/suuk/
/a/ saperti dina kecap [kuʔar]-/kuar/
- g) Vokal /a/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
/i/ saperti dina kecap [laIn]-/lain/
/é/ saperti dina kecap [laɛr]-/la'er/
/eu/ saperti dina kecap [saör]-/saeur/
/o/ saperti dina kecap [naon]-/naon/
/u/ saperti dina kecap [paUr]-/paur/
/a/ saperti dina kecap [saʔat]-/saat/

Tina bagan jeung conto di luhur, écés pisan kamungkinan ngaruntuyna vokal-vokal basa Sunda téh aya 29 siki. Najan kitu, aya sawatara vokal anu teu bisa ngaruntuy jeung vo-

11. GUNDUKAN FONÉM

11.1. Gundukan Vokal

Anu dimaksud gundukan vokal nya éta runtuyan datar dina dua vokal atawa leuwih bari teu kaselapan ku konsonan.

Runtuyan vokal dina kecap asal basa Sunda téh kawilang loba. Tabel gundukan vokal baris katingal di handap. Indéks vertikal nuduhkeun komponén kahiji, ari indéks horizontal nuduhkeun komponén kadua.

Tabel 11.1.
Gundukan Vokal

Vokal	i	ε	c	ö	o	u	a
i	ii	-	ic	iö	io	iu	ia
ε	-	εε	-	-	εo	-	εa
c	-	-	cc	-	-	-	-
ö	öi	-	-	öö	-	-	öa
o	oi	oε	-	-	oo	ou	oa
u	ui	uε	-	uö	-	uu	ua
a	ai	aε	-	aö	ao	au	aa

Ieu di handap conto larapna dina kecap.

- a) Vokal /i/ bisa ngaruntuy jeung vokal:
 - /i/ saperti dina kecap [si[?]ih]-/siih/
 - /e/ saperti dina kecap [ki[?]er]-/kier/
 - /eu/ saperti dina kecap [si[?]ön]-/sieun/
 - /o/ saperti dina kecap [mi[?]os]-/mios/
 - /u/ saperti dina kecap [gi[?]un]-/giung/
 - /a/ saperti dina kecap [li[?]ar]-/liar/

vokal, atawa vokal jeung sémi vokal disebut *sora diftong*. Ciri diftong téh nya éta posisi létah waktu ngucapkeun sora vokal nu hiji jeung nu séjénna séwang-séwangan (Jones, 1958: 22). Ari rangkepan dua konsonan atawa leuwih nu diucapkeun sawaktu disebut *kluster*. Ciri kluster nya éta posisi katut cara artikulasina séwang-séwangan, contona: *blug*, *bray*, jeung *jleng*. Sora vokal rangkep disebut diftong, ari sora vokal salancar disebut monoftong.

4.1.6. Sora Égrésif jeung Ingrésif

Tujulna hawa dina ngawangun sora basa téh bisa dibédakeun jadi dua rupa, nya éta égrésif jeung ingrésif (Ladefoged, 1973:23). Kalolobanana basa dihasilkeun ku cara ngaluarkeun hawa tina bayah. Sora nu diwangun ku hawa nu kaluar tina paru-paru disebutna *égrésif*, ari sora *ingrésif* nya éta sora nu diwangun ku hawa diseuseup kana jero paru-paru.

- 1) **Égrésif pulmonik** nya éta ngawangun sora basa ku cara ngaluarkeun hawa kalawan ngareunteutkeun otot bayah, otot beuteung, jeung rohangan dada. Sora-sora basa nu aya di nagara urang kabéhanana kaasup kana golongan ieu.
- 2) **Égrésif glotalik** nya éta ngawangun sora basa ku cara ngaluarkeun hawa kalawan ngarapetkeun pita sora nepi ka glotis nutup pisan. Demi sora nu dihasilkeunana disebut éjéktif, anu ditandaan ku tanda *apostrof*, contona [p', t', k', s', □']. Anu mibanda sora saperti kieu téh contona basa-basa Kaukasus, Indian, jeung Afrika (Ladefoged, 1973:25).
- 3) **Ingrésif glotalik** nya éta ngawangun sora basa ku cara nyeuseup hawa kalawan ngarapetkeun pita sora nepi ka glotis nutup pisan. Demi sora nu dihasilkeunana disebut impiosif, anu ditandaan ku tanda melengkung ka katuhu

contona [b, d, g]. Anu mibanda sora saperti kieu téh contona basa Sindhi, Swahili, Marwari, Ngadha, jeung Sawu (Ladefoged, 1973:26).

- 4) **Ingrésif vélarik** nya éta ngawangun sora basa ku cara nyeuseup hawa kalawan naékkeun puhu létah kana langit hipu; bareng jeung éta dua biwir rapet; pon kitu deui tungtung létah dirapetkeun kana huntugugusi. Anu mibanda sora saperti kieu téh contona basa Khoisa, Xhosa, jeung Zulu (Ladefoged, 1973:28-30).

4.1.7. Géminat Jeung Homorgan

Géminat nya éta runtuyan artikulasi anu sarua (idéntik) nepi ka nimbulkeun ucapan panjang dina éta sora téa, contona: *Allah* jeung *assalamualaikum*. Ari nu disebut Homorgan nya éta sora-sora basa anu diwangun ku alat jeung daérah artikulasi anu sarua nepi teu idéntik. Upamana waé konsonan alvéolar: [t], [d], jeung [n]; konsonan bilabial [p], [b], jeung [m]; konsonan palatal [c], [j], [n].

4.2. Cara Ngawangun Foném Basa Sunda

Sora basa anu disebut foném diwangun ku cara diartikulasikeun. Artikulator téh nilik kana sifatna aya artikulator aktif jeung aya artikulator pasif. Artikulator aktif biasana robah-robah ka ditu ka dieu pikeun nyungsi titik artikulasi geusan nyusun sora basa. Kaayaan patalina posisional antara artikulator aktif jeung artikulator pasif disebut *striktur (strictrure)* (Lapoliwa, 1981:18). Ku lantaran vokal mah teu mibanda artikulasi, strikturna téh ditangtukeun ku longlongkrang antara létah jeung lalangit. Luyu jeung strikturna, ieu di handap dipedar cara-cara ngawangun foném, boh vokal boh konsonan.

4.2.1. Cara Ngawangun Vokal

Vokal (Vokoid) nya éta sora omongan anu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro

Sakabéh konsonan dina basa Sunda biasa nyicingan posisi di awal, tengah, jeung ahir kecap, iwal konsonan *c, j, ny* teu bisa nyicingan posisi di ahir kecap. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina diagram ieu di handap.

Tabel 10.2.
DISTRIBUSI KONSONAN

Foném Konsonan	Posisi		
	Awal	Tengah	Ahir
/b/	/bantu/	/sebut/	/sérab/
/c/	/carang/	/kaca/	/---/
/d/	/datang/	/peda/	/ahad/
/f/*	/fitnah/	/sifat/	/saraf/
/g/	/gado/	/sugu/	/bedug/
/h/	/hayam/	/baha/	/rekah/
/j/	/jarak/	/baju/	/---/
/k/	/karang/	/suku/	/rujak/
/l/	/lami/	/salin/	/bujal/
/m/	/mata/	/sami/	/haseum/
/n/	/noko/	/sendal/	/bulan/
/ng/	/ngawin/	/indung/	/karang/
/ny/	/nyarita/	/anyar/	/---/
/p/	/peda/	/apal/	/usap/
/q/*	/qur'an/	/furqan/	/---/
/r/	/rasa/	/karan/	/pinter/
/s/	/soéh/	/asup/	/teuas/
/t/	/tari/	/atah/	/suat/
/v/*	/vokal/	/lava/	/---/
/w/	/wanoja/	/hawa/	/cewaw/
/y/	/yakin/	/kayas/	/ngacay/

*Kecap anu asalna tina basa kosta.

Tabel 10.1
DISTRIBUSI VOKAL

Foném Vokal	Posisi		
	Awal	Tengah	Ahir
/a/	/ab <u>a</u> h/	/pa <u>a</u> h/	/suka/
/i/	/i <u>m</u> a/	/bi <u>s</u> a/	/lami/
/u/	/u <u>b</u> a/	/ru <u>n</u> gseb/	/sapu/
/é/	/é <u>r</u> a/	/mé <u>j</u> a/	/sa <u>e</u> /
/o/	/o <u>r</u> ay/	/bo <u>g</u> a/	/sado/
/eu/	/eu <u>r</u> ih/	/be <u>u</u> li/	/sampe <u>u</u> /
/e/	/e <u>m</u> a/	/ke <u>c</u> ap/	/ -- /

Vokal-vokal basa Sunda bisa nyicingan posisi jadi puseur (*nukleus*) engang anu strukturna KVK, contona:

/a/	<u>bak</u> -ti	=>	/bakti/
/i/	<u>pin</u> -ter	=>	/pinter/
/u/	<u>buk</u> -ti	=>	/bukti/
/é/	<u>pék</u>	=>	/pék/
/o/	o- <u>sok</u>	=>	/osok/
/eu/	beu <u>ng</u> -har	=>	/beunghar/
/e/	<u>ker</u> -ta	=>	/kerta/

10.2. Distribusi Konsonan

Distribusi konsonan nya éta sakumna posisi anu bisa dicicingan ku foném konsonan dina engang atawa kecap. Konsonan dina basa Sunda téh nya éta: /b, c, d, g, h, j, k, l, m, n, ny, ng, p, r, s, t, w, y/. Balukar pangaruh basa kosta, dina basa Sunda ogé sok kapanggih kecap-kecap anu maké foném konsonan /q, v, x, z/ saperti dina kecap:

Qur'an	=>	/Qur'an/
vokal	=>	/vokal/
xerox	=>	/seroks/
zakat	=>	/zakat/

meunang hahalang. Ajén (kualitas) vokal umumna ditangtukeun ku tilu hal, nya éta: (1) buleud-gepéngna wangunan biwir, (2) luhur-handap létah, jeung (3) maju-mundurna létah. Ari vokal dina basa Sunda téh jumlahna aya tujuh, nya éta: [a], [i], [u], [ɛ], [o], [ö] jeung [ɔ].

1) Posisi Biwir

Cara ngawangun vokal téh gumantung kana posisi biwir, runya-renyuna biwir waktu ngucapkeun sora, bisa buleud, bisa rata atawa gepéng. Dumasar kana posisi biwir, vokal bisa dibagi dua, nya éta: (1) *vokal buleud*, nya éta vokal anu diwangun ku cara biwir dibuleudkeun. Anu kaasup vokal buleud téh nya éta [o] jeung [u]; jeung (2) *vokal teu buleud*, nya éta vokal anu diwangun ku cara biwir diratakeun atawa digepéngkeun. Anu kagolong vokal teu buleud téh nya éta [a], [i], [ɛ], [ö], jeung [ɔ].

2) Maju-Mundurna Létah

Nilik kana maju mundurna létah waktu ngucapkeun sora, vokal bisa dibagi tilu:


- Vokal hareup nya éta vokal anu diwangun ku cara létah dideukeutkeun kana gugusi (*alvéolum*). Anu kaasup vokal hareup nya éta [i], [ɛ].
- Vokal Puseur nya éta vokal anu diwangun ku cara létah dipundurkeun saeutik nepi ka aya di tengah-tengah. Anu kaasup vokal puseur [a], [ɔ], [ö].
- Vokal tukang nya éta vokal anu diwangun ku cara létah dipundurkeun pisan sarta ditarik ka handap. Vokal tukang téh nya éta [u] jeung [o].

3) Luhur Handap Létah

Nilik kana luhur handapna létah waktu ngucapkeun sora, vokal dina basa Sunda bisa dibagi tilu:

- a) Vokal luhur nya éta vokal anu diwangun ku cara létah tungtung jeung létah dikaluarkeun nepi ka antel kana langit, nya éta: [i], [ö], jeung [u].
- b) Vokal tengah nya éta vokal anu diwangun ku cara ngangkat tungtung létah, nya éta [ɛ], [c], jeung [o].
- c) Vokal handap nya éta vokal anu diwangun ku cara tengah létah rada diangkat, nya éta [a].
Sangkan leuwih jéntré ieu di handap digambarkeun posisi vokal.

Gambar 4.1.
Posisi Vokal



10. DISTRIBUSI FONÉM

Distribusi foném nya éta sakumna posisi anu dicicingan ku foném dina engang atawa kecap. Distribusi mangrupa sumebar na foném di awal kecap, tengah kecap, atawa di tungtung kecap.

Nilik kana warnana, distribusi foném biasa dibagi dua, nya éta: (1) distribusi vokal, jeung (2) distribusi konsonan.

10.1. Distribusi Vokal

Distribusi vokal nya éta sakumna posisi anu bisa dicicingan ku foném vokal dina engang atawa kecap. Vokal dina basa Sunda téh aya tujuh /a, i, u, é, o, e, eu/. Sakabéh vokal dina basa Sunda bisa nyicingan posisi di awal, di tengah, jeung di ahir kecap, iwal foném /e/ teu biasa nyicingan posisi di ahir kecap. Najan kitu, dina basa Sunda ogé sok kapanggih vokal /e/ nu di ahir kecap, tapi biasana sorana sok robah jadi /eu/. Éta kecap-kecap téh lain asli basa Sunda, tapi pangaruh basa kosta, saperti:

akte	=>	/akteu/
kode	=>	/kodeu/
metode	=>	/metodeu/
mode	=>	/modeu/

Ngarah leuwih jéntré perkara distribusi vokal, dina kaca saterusna aya diagram distribusi vokal.

Keterangan:

O_{1,2} : Onset, awal kecap nu bisa dieusian ku konsonan naon waé.

V: Vokal naon waé.

R_{1,2}: Rime atawa koda. R₁ nya éta sora nasal homorganik nu bisa nuturkeun sora stop randegan, sora [r] jeung nu lianna. R₂ nya éta konsonan naon waé iwal palatal [-kontinuan] [ŋ].

C: Sora [l,r] sanggeus sora stop.

(): Opsional ségmén sora bisa muncul atawa henteu.

Diagram 4.1.
Vokal Basa Sunda





Diagram vokal di luhur téh disebutna *Vokal Kardinal* (Jones, 1958: 21). Ngarah leuwih basajan, éta diagram téh bisa digambarkeun deui dina wangun jurutilu saperti ieu di handap.

Diagram 4.2.
Vokal Basa Sunda anu Dibasajankeun



Cara ngawangun vokal katut warna vokalna, bisa ogé digambarkeun dina wangun dénah ieu di handap.

Tabel 4.1.
Dénah Vokal Basa Sunda


Bagian Létah Posisi Biwir	Maju Mundurna Létah					
	Hareup		Tengah		Tukang	
Luhur Handapna Létah	b	tb	b	tb	b	tb
Luhur		i		Ö		u
Tengah		ε		ɔ	o	
Handap				a		

Keterangan:

b: buleud
tb: teu buleud

Saterusna, pikeun leuwih ngajéntrékeun cara ngawangun vokal, ieu di handap aya gambar posisi létah waktu ngucapkeun vokal.

Gambar 4.2.
Posisi Létah Waktu Ngucapkeun Vokal Hareup [i, e]




9. FONOTAKTIK

Fonotaktik nya éta kaédah anu ngatur cara ngaruntuykeun foném anu aya dina hiji basa. Fonotaktik mangrupa kaédah struktur hiji basa. Ieu kaédah téh nuduhkeun yén dina hiji basa aya sistem nata runtuyan foném-foném, maksudna runtuyan foném-foném téa henteu sagawayah tapi nyoko kana kaédah anu tangtu. Foném naon bisa nuturkeun foném nu mana baris dumasar kana karageman (konvensional) para panyatur éta basa. Upama waé, basa Sunda baris narima runtuyan foném saperti /-b/- dina kecap *geblug*, /-gr/- dina kecap *segruk*, jeung /-py/- dina kecap *kopyok*. Éta sababna dina nyusun singgétan jeung akronim ogé henteu sagawayah jeung sakarep isun, tapi kudu madoman kana kaédah fonotaktik.

Kaédah fonotaktik pisan sabenerna mah anu nyababkeun urang pamaké basa bisa ngararasakeun kalawan intuitif wangun basa mana anu kaasup kana basa Sunda, wangun basa mana anu lain basa Sunda, najan urang sora-ngan can kungsi nempo atawa ngadéngé saméméhna.

Aya kaédah fonotaktik basa Sunda ti Cohn (1992) dina Yusuf (1998:29) anu saperti kieu:




Éta prinsip komutasi téh disusun dumasar kana daérah artikulasina. Tangtu waé bisa disusun dumasar kana hal li-an, upamana kahalangan henteuna hawa waktu kaluar, milu henteuna pita sora ngageter, jste., anu contona saperti kieu.


Kelas Sora	Sora	Basa Indonesia	Basa Sunda	Basa Inggris
Obstruen	p	paku	parang	pat
	b	baku	barang	bat
	t	tata	tarang	tip
	d	dada	datang	dip
	k	kaya	karang	pick
	g	gaya	garang	pig
	c	curang	carang	chug
	j	jurang	jarang	jug
Kontinuan	s			sip
	z			zip
	š			mesher
	ž			measure
	θ			thigh
	ð			thy
Nasal	f			fat
	v			vat
	m	mamak	miis	sum
	n	mana	niis	sun
Alir	ñ	menyapa	nyewa	
	ŋ	mengapa	ngewa	sung
Semivokal	l	lupa	leungit	leer
	r	rupa	reungit	rear
Semivokal	w	awan	sawang	wet
	y	ayan	sayang	yet

(Yusuf, 1998: 16)

Gambar 4.3.
Posisi Léta Waktu Ngucapkeun Vokal Puseur [ö, c, a]



Gambar 4.4.
Posisi Léta Waktu Ngucapkeun Vokal Tukang [u,o]



4.2.2. Cara Ngawangun Konsonan

Konsonan (*kontoid*) nya éta sora omongan anu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro meunang hahalang. Ajén (kualitas) konsonan umumna

ditangtukeun ku tilu hal, nya éta: (1) kaayaan pita sora, (2) wewengkon artikulasi, jeung (3) cara artikulasi.

Ari konsonan basa Sunda téh aya 18 nya éta: [b], [c], [d], [g], [h], [j], [k], [l], [m], [n], [ñ], [ŋ], [p], [r], [s], [t], [w], [y]. Balukar pangaruh basa kosta dina basa Sunda ogé sok kaping panggih konsonan [f], [v], [x], [z].

1) Kaayaan pita sora

Dumasar kana kaayaan pita sora atawa ngageter henteuna pita sora, konsonan dina basa sunda bisa dibagi dua:

- Konsonan soraan** nya éta konsonan anu diwangun lamun pita sora ngageter, kayaning: [b, d, j, g, (z), (v), (z), l, r, m, n, ñ, ŋ, w, y].
- Konsonan teu soraan** nya éta konsonan anu diwangun lamun pita sora henteu milu ngageter, kayaning: [p, t, c, k, ?, (f), s, (x), h].

2) Wewengkon Artikulasi

Dumasar kana wewengkon artikulasi, konsonan dina basa Sunda bisa dibagi jadi dalapan rupa, nyaéta:

- Konsonan bilabial** nya éta konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun dua biwir nepi ka duanana sakaligus jadi artikulator jeung artikulasi. Anu kaasup konsonan bilabial nya éta: [p, b, m].
- Konsonan labiodéntal** nya éta konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun biwir handap salaku artikulator jeung huntuh luhur salaku artikulasi, hasilna konsonan: [(f),(v)].
- Konsonan déntal alvéolar** nya éta konsonan anu diwangun ku cara ngésérkeun tungtung létah salaku artikulator kana huntuh (déntum) atawa tungtung huntuh (alvéolum) salaku artikulasi, hasilna konsonan [t, d, s, (z), l, r, n].
- Konsonan palatal** nya éta konsonan anu diwangun ku cara ngangkat tengah-tengah létah salaku artikulator nepi

/barang/ ----- /b/
 /karang/ ----- /k/
 /sarang/ ----- /s/
 /tarang/ ----- /t/
 /parang/ ----- /p/
 /carang/ ----- /c/
 /larang/ ----- /l/
 /jarang/ ----- /j/

Sora /b, k, s, t, p, c, l, j/ mangrupa foném lantaran sora basa pangleutikna tur mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti atawa kecap-kecap.

8.2. Prinsip Komutasi

Prinsip komutasi nya éta prinsip substitusi kontrasif tina sababaraha foném. Pasangan foném anu dikontraskeun téh biasana disusun kalawan ngaruntuy nurutkeun wewengkon artikulasina. Ieu téh nuduhkeun yén sora-sora téh kudu disungsi lalawanana katut alofonna.

Komutasi I, sora bilabial:	barang parang /b/ /p/
Komutasi II, sora apikodental:	datang sarang tarang larang /d/ /t/ /s/ /l/
Komutasi III, sora palatal:	jarang carang /j/ /c/
Komutasi IV, sora velar:	garang karang /g/ /k/

Éta kaédah jeung prosédur, saheulaanan bisa dicindek-keun saperti kieu.

- a) Sora-sora anu nurutkeun fonétik méh sarua kudu digolongkeun kana kelas-kelas sora atawa foném-foném anu béda, lamun ngandung lalawanan dina lingkungan anu sarua atawa méh sarua.
- b) Sora-sora basa anu nurutkeun fonétik méh sarua sarta aya dina distribusi anu kompleméntér kudu diasupkeun kana golongan sora atawa foném anu sarua.

Inventarisasi sora-sora basa anu kapanggih sacara fonétis téh henteu salawasna mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti. Éta sababna, usaha fonémisasi dina hiji basa mibanda tujuan pikeun (1) nangtukeun struktur fonémis hiji basa, (2) nyungsi sora-sora basa nu fungsional nya éta sora basa anu mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti, jeung (3) ihtiar nyusun ortografi nu praktis atawa nyusun ejaan hiji basa.

Pikeun nangtukeun sora-sora basa nu fungsional, biasana dipilampah ku cara maké kontras pasangan minimal (*minimal pair*, *minimal differences*). Anu dimaksud pasangan minimal téh nya éta wangun-wangun basa pangleutikna tur mibanda ma'na (biasana mangrupa morfém salancar) nu méh sarua, bedana téh ngan ku hiji sora. Éta sora téh patukang tonggong dina posisi atawa distribusi nu sarua. Geura titénan conto ieu di handap!

/bata/ ----- /a/
/bati/ ----- /i/
/batu/ ----- /u/

Éta tilu kecap téh béda, boh wangunna boh hartina. Ari anu ngabédakeunana sora /a/, /i/, jeung /u/. Ku kituna, sora /a, i, u/ téh disebutna foném lantaran mangrupa sora basa pangleutikna sarta fungsional atawa mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti. Conto pasangan minimal séjéna:

- e) ka tepung kana lalangit teuas (palatum) salaku artikulasi, hasilna konsonan: [c, j, ñ, y].
- f) **Konsonan vélar** nya éta konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun tungtung létah (apéx) salaku artikulator kana lalangit hipu (vélum) salaku artikulasi, hasilna: [k, g, (x), ŋ].
- g) **Konsonan glotal** nya éta konsonan anu diwangun ku cara ngarapetkeun pisan pita sora nepi ka hawa nu kaluar tina bayah kapendet. Balukarna lolongkrang pita sora (glotis) katutup, hasilna sora hamzah [ʔ].
- h) **Konsonan laringal** nya éta konsonan anu diwangun ku cara mukakeun pita sora salega-legana, nepi ka hawa nu kaluar téh meunang gésrékan, hasilna konsonan [h].

4.2.3. Cara Artikulasi

Dumasar kana cara artikulasina, konsonan dina basa Sunda bisa dipasing-pasing jadi genep rupa, nyaéta:

- a) **Konsonan mandeg (stop)** nya éta konsonan anu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah waktu liwat kana tikoro meunang hahalang sagemblengna nepi ka sorana mandeg, hasilna konsonan [p, c, k, t, ʔ, b, d, j, g].
- b) **Konsonan gésér (frikatif)** nya éta konsonan anu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu liwatna kana tikoro meunang gésrékan nepi ka sorana semu ngahéos, hasilna konsonan [s, h, (f), (x), (v), (z)].
- c) **Konsonan sisi (lateral likuida)** nya éta konsonan anu diwangun ku cara ngangkat létah nepi ka lalangit sarta hawa téh kaluarna ngaliwatan sisi létah (*lotus*), hasilna konsonan [l].
- d) **Konsonan geter (trill)** nya éta konsonan anu diwangun ku cara nepungkeun létah kana tungtung huntu terus mundur nepi ka sora nu kaluarna ngageter, hasilna konsonan [r].

- e) **Konsonan nasal** nya éta konsonan anu diwangun ku hawa nu ngaliwatan irung (nasal) hasilna konsonan [m], [n], [ɲ] jeung [ŋ].
- f) **Sémivokal** nya éta foném anu diucapkeun ku cara ngantelkeun dua biwir sarta tungtung létah kana lalangit teuas tapi henteu nepi ka ngahalangan sora anu kaluar tina bawah, hasilna sora [w] jeung [y].
- Sangkan leuwih écés cara ngawangun konsonan dina basa Sunda, bisa dititénan dénah konsonan ieu.

Tabel 4.2.
Dénah Konsonan Basa Sunda

Kaayaan Pita Sora		Wewengkon Artikulasi						
		Bilabial	Labio-déntal	Déntal Alvéolar	Palatal	Vélar	Laringal	Glotal
Cara Artikulasi	TS	p		t	c	k		?
		S	b		d	j	g	
Gésér (Frikatif)	TS		(f)	s		(x)	h	
	S		(v)	(z)				
Lateral	S			l				
Geter	S			r				
Nasal	S	m		n	ɲ	ŋ		
Sémivokal	S		w		y			

Keterangan:
TS: Teu Soraan
S: Soraan

Saterusna, sangkan leuwih écés cara ngawangun konsonan dina basa Sunda, ieu digambarkeun posisi artikulator jeung artikulasina.

sédur pikeun nyungsi foném-foném, inventarisasi foném, pola-pola foném dina patalina jeung foném séjén, katut parobahanana. Ku kituna, fonémisasi raket patalina jeung kaidah, prosédur, distribusi, jeung pola foném hiji basa.

8.2.1. Kaédah Fonémik

Dumasar kana pamanggih Pike (1971), fonémik mibanda kaédah, hukum, dalil, atawa prémis anu unina kieu:

- Sounds tend to be modified by their environments.*
- Sound systems have a tendency toward phonetic symmetry.*
- Sounds tend to fluctuate.*
- Characteristic sequences of sounds exert structural pressure on the phonemic interpretation of suspicious segments or suspicious sequences of segments.*

8.2.2. Prosédur Awal (*Preliminary Procedures*)

Aya sawatara prosédur awal pikeun nangtukeun foném-foném dina hiji basa, nya éta:

- recording the data,*
- assuming the accuracy and completeness of the data,*
- making a phonetic chart,*
- listing suspicious pairs of sounds, jeung*
- listing nonsuspicious sounds.*

8.2.3. Prosédur Analisis (*Analytical Procedures*)

Prosédur analisis foném aya tilu, nya éta:

- The phonemic separation of similar segments upon finding them in contrast in analogous environments.*
- The phonemic separation of similar segments upon finding them in contrast in identical environments.*
- The phonemic uniting of similar segments upon finding them in mutually exclusive environments.*

8. FONÉMISASI

8.1. Foném

Foném nya éta “*minimum unit of distinctive sound feature*” (Bloomfield, 1933:79). Foném mangrupa “*one of the significant unit of sounds or a contrastive sound unit*” (Pike, 1962:63). Foném mangrupa unsur sora pangleutikna. Ieu téh luyu jeung pamadegan Ladefoged (1975:23) yén foném téh nya éta: “*the smallest segments of sound that (an be distinguished by their) contrast within words*”.

Tina katerangan di luhur bisa disebutkeun yén foném téh nya éta “sora basa pangleutikna anu mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti antara kecap nu hiji jeung kecap nu lianna” (il. Verhaar, 1982:36; Keraf, 1980:29; Sitindan, 1984:33).

Cindekna, foném nya éta sora basa pangleutikna anu fungsional atawa mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti.

Kacindekan di luhur nuduhkeun yén fonémik téh mibanda sifat kieu:

- Foném mangrupa sora basa pangleutikna;
- Foném mangrupa sora basa pangleutikna anu fungsional nya éta mibanda fungsi pikeun ngabédakeun harti.


8.2. Padika Maluruh Foném

Sabada urang nyatet sora basa sacara fonétis, léngkah saterusna ngayakeun fonémisasi. Fonémisasi mangrupa pro-

1) Konsonan Mandeg (Stop, Plosives)

Konsonan mandeg téh ngawengku konsonan mandeg bilabial, konsonan mandeg dental-alveolar, konsonan mandeg palatal, konsonan mandeg vélar, jeung konsonan mandeg glotal.


Gambar 4.5.
Konsonan Mandeg Bilabial [p, b]



Keterangan:

- Lalangit hipu katut elak-elakan dikaluhurkeun, biwir handap ditekenkeun kana biwir luhur, balukarna hawa tina bayah kapendet sawatara waktu.
- Biwir handap anu neken biwir luhur kalawan ngadadak dibukakeun nepi ka sora kaluar tina sungut.

Gambar 4.6.
Konsonan mandeg Apiko-Déntal [t, d]




Keterangan:

- Lalangit hipu katut elak-elakan dikaluhurkeun, tungtung léta neken kana huntu luhur bagian jero atawa lalangit teuas, balukarna hawa tina bayah kacandet sawatara waktu.

- (b) Tungtung létah anu neken huntu luhur atawa lalangit hipu téh kalawan ngadadak diudar nepi ka hawa kaluar tina sungut.


Gambar 4.7.
Konsonan Mandeg Médio-Palatal [c, j]



Keterangan:

- (a) Tengah-tengah létah ditekenkeun kana lalangit hipu nepi ka hawa teu bisa kaluar liwat rohangan irung, balukarna hawa tina bayah kacandet sakeudeung.
- (b) Tengah-tengah létah anu neken kana lalangit hipu téa kalawan ngadadak diudar nepi ka hawa kaluar tina sungut.

Gambar 4.8.
Konsonan Mandeg-Vélar [k,g]



Keterangan:

- (a) Puhu létah ditekenkeun kana lalangit hipu nepi ka hawa tina bayah kacandet sakeudeung.

- a) Naon ari foném téh, jeung
b) Kumaha patalina antara foném-foném jeung variasi-variasina?

Éta tilu pertanyaan téh nuduhkeun ayana tarékah anu kudu dilakonan pikeun ngabédakeun sora-sora basa anu mi-banda fungsi pikeun ngabédakeun harti (foném) jeung sora-sora basa anu henteu fungsional (fon). Sabenerna, ieu perkara téh kungsi dipedar ku Ferdinand de Saussure anu ngabédakeun antara *langue* jeung *parole*. Dina *parole* di catat soal-soal fonétis, ari dina *langue* dicatet soal-soal fonémis (Parera, 1983:27).

Salah saurang linguis Praha, Troubetskoy, dina taun 1939 mekarkeun ide foném dina bukuna *Grundzuge der Phonologie*. Dina éta buku dipedar kumaha selang surupna foném, parobahan, katut kamekaranana.

anu maluruh sora-sora basa nurutkeun fungsina pikeun ngabédakeun ma'na léksikal dina hiji basa (Verhaar, 1982:36). Ari sora-sora basa pangleutikna anu mampuh nuduhkeun kontras ma'na atawa mibanda fungsi pikeun ngabédakeun ma'na disebutna foném. Jadi, fonémik téh nya éta élmu anu maluruh foném.

Fonémik bisa dianggap bagéan tina élmu sora (fonologi). Fonémik mangrupa élmu anu maluruh sora omongan dina fungsina pikeun ngabédakeun harti (Keraf, 1980:29) atawa maluruh sora basa anu fungsional (Sitindan, 1984:33). Fonémik mibanda fungsi pikeun ngadéskripsikeun sistem jeung sora-sora basa (Ladefoged, 1975:23), atawa (1) nangtukeun struktur fonémis hiji basa jeung (2) ihtiar pikeun nyusun ortografi nu praktis hiji basa nepi ka ngawujud hiji éjahan (Parera, 1983:28).

Cindekna, fonémik nya éta bagéan tina fonologi anu maluruh jeung medar sora-sora basa nu fungsional atawa foném, selang surupna, sistem katut pola-polana, parobahan, jeung kamekaranana. Singketna, fonémik (tata foném) téh bagéan fonologi anu maluruh foném, selang surupna, parobahan, katut kamekaranana.


7.2. Kamekaran Fonémik

Kakara dina awal abad ka-20 paralinguis sadar yén sora basa téh gedé gunana dina kahirupan, lain ngan sakadar dicatet wungkul sacara fonétis. Pikiran-pikiran ngeunaan fungsi katut pola sora basa téh ditaratas ku Kursrveski, tapi anu terus mekarkeun éta ide téh anu lian nya éta Boundouin de Courttanay, Daniel Jones, Edward Sapir, jeung Andre Martinet. Réalisasi tina pamekaran éta ide téh, dina taun 1928 Kongrés Linguistik di Den Haag Walanda aya masalah anu kudu dijawab ku paralinguis, nya éta:

a) Kumaha patalina antara fonémik jeung fonétik,

(b) Puhu létah anu neken kana lalangit hipu téh kalawan ngadadak diudar nepi ka hawa kaluar tina sungut.

Gambar 4.9.
Konsonan Mandeg-Glotal [ʔ]




Katerangan:

- (a) Pita sora dirapetkeun, elak-elakan dikaluhurkeun balukarna hawa tina bayah kacandet sakeudeung.
(b) Pita sora anu rapet téh diudar nepi ka hawa kaluar kana sungut.

2) Konsonan Nasal

Konsonan nasal ngawengku konsonan nasal-bilabial, nasal-alvéolar, nasal-palatal, jeung nasal-vélar.


Gambar 4.10.
Konsonan Nasal-Bilabial [m]



Katerangan:

- (a) Elak-elakan diturunkeun, biwir handap neken kana biwir luhur, balukarna hawa liwat kana irung.
(b) Pita sora milu ngageter.


Gambar 4.11.
Konsonan Nasal-Alvéolar [n]



Keterangan:

- (a) Elak-elakan diturunkeun, tungtung létah ditekenkeun kana huntu, balukarna hawa liwat kana irung.
- (b) Pita sora ngilu ngageter.

Gambar 4.12.
Konsonan nasal-palatal [ɲ]



Keterangan:

- (a) Elak-elakan diturunkeun, tengah-tengah létah ditekenkeun kana lalangit teuas, balukarna hawa kaluar liwat irung.
- (b) Pita sora milu ngageter.

7. WATESAN JEUNG KAMEKARAN FONÉMIK

7.1. Watesan Fonémik

Istilah fonémik téh ku paralinguis Eropah mah disebut fonologi. Ieu istilah téh nuduhkeun sélér linguistik anu maluruh sora-sora dina hiji basa anu tangtu nu fungsina pikeun ngabédakeun harti léksikal dina éta basa téa. Istilah fonémik (*phonemics*) dipaké di Amérika, ari istilah fonologi (*phonology*) dipaké di Inggris. Dina ulikan basa Sunda istilah fonologi téh ngurung fonétik jeung fonémik. Jadi, fonémik mangrupa bagian tina fonologi.

Upama urang nitéan kecap *dara* jeung *tara*, bakal kapinggih yén éta dua kecap téh béda hartina ku lantaran sora /d/ jeung /l/. Ieu téh mangrupa perbédaan pangleutikna (*minimal differences*) anu ngabalukarkeun bédana harti. Éta perbédaan téh ditalungtik ku sélér linguistik anu disebut fonémik.


Dumasar pamanggih Pike (1971) fonémik téh nya éta: “Provide a technique for processing through phonetic data in order to discover the pertinent units of sound and to symbolize them in an alphabet easy for the native to learn.”

Fonémik bisa dihartikeun (1) sistem foném hiji basa, (2) prosédur pikeun nangtukeun foném hiji basa, jeung (3) panalungtikan perkara sistem foném hiji basa (Kridalaksana, 1987:56). Fonémik mangrupa widang husus tina linguistik

6. 2. Transliterasi

Transliterasi nya éta ngaganti aksara tina abjad nu hiji kana abjad séjénna, tanpa niténan ucapan sora kecapna. Upamana transliterasi tina aksara Sunda buhun kana aksara Latén, tina aksara Arab kana aksara Latén jsté.

Gambar 4.13.
Konsonan nasal-vélar [ŋ]




Keterangan:

- (a) Elak-elakan diturunkeun,puhu létah ditekenkeun kana lalangit hipu, balukarna hawa kaluar kana irung.
- (b) Pita sora milu ngageter.

3) Konsonan Lateral

Gambar 4.14.
Konsonan lateral [l]




Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun, tungtung létah diadekkeun kana gugusi, balukarna hawa nu liwat kana tengah-tengah sungut kacandet sakeudeung.
- (b) Balukar hawa nu liwat kan tengah-tengah sungut kacandet, hawa téh moncor kana sisi létah anu teu paadu jeung lalangit.
- (c) Pita sora milu ngageter.

4) Konsonan Gésér

Konsonan gésér ngawengku konsonan gésér labiodéntal, konsonan gésér alvéolar, konsonan gésér vélar, jeung konsonan gésér laringal.


Gambar 4.15.
Konsonan Gésér Labiodéntal [f,v]



Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa kaluar tina sungut
- (b) Biwir handap ditekenkeun kana huntu luhur, balukarna jalanna hawa ngaheureutan sarta kaluar liwat lolongkrang biwir jeung lolongkrang huntu.

Gambar 4.16.
Konsonan Gésér Alvéolar [s,z]



Ieu di handap conto transkripsi fonétis jeung ortografis anu sok dipaké dina basa Sunda.

Lambang Ortografis

a: abdi
i: indit
u: udur
é: éntog
o: orog
eu: eurih
e: ema
b: bibi
c: cabak
d: dahar
f: fiqih
g: gajah
h: hayam
j: jara
k: koréd
l: léor
m: mana
n: nonjok
ny: nyarita
ng: karang
p: pasar
q: qori
r: rasa
s: suuk
t: tari
v: vokal
w: wayang
x: éxport
y: mapay
z: zamzam

Lambang Fonétis

/a/: [ʔabdiʔ]
/i/: [ʔinditʔ]
/u/: [ʔudurʔ]
/ɛ/: [ʔɛntogʔ]
/o/: [ʔorogʔ]
/ö/: [ʔörihʔ]
/c/: [ʔcmaʔ]
/b/: [bibiʔ]
/c/: [cabakʔ]
/d/: [dahar]
/f/: [fiqih]
/g/: [gajah]
/h/: [hayam]
/j/: [jaraʔ]
/k/: [korɛdʔ]
/l/: [lɛorʔ]
/m/: [manaʔ]
/n/: [nonjok]
/ñ/: [ñaritaʔ]
/ŋ/: [karaŋʔ]
/p/: [pasar]
/q/: [qoriʔ]
/r/: [rasaʔ]
/s/: [suʔuk]
/t/: [tariʔ]
/v/: [vokal]
/w/: [wayaŋ]
/éks/: [ʔɛkspor]
/y/: [mapay]
/z/: [zamzam]

basa Sunda mah sajabana ti perlu pikeun nangtukeun ucapan lulugu ogé apan urang kudu maké basa Sunda nu hadé tur méréhah. Taranskripsi fonétis kabagi kana:

- (1) Transkripsi imprésionistis (*impressionistic transcription*) nya éta transkripsi fonétis maké lambang anu saloba-lobana ku sabab kateuweruhan kana hiji sistem basa. Ieu transkripsi téh dipaké dina waktu mimiti wanoh kana hiji.
 - (2) Transkripsi kasar (*broad transcription*) nya éta transkripsi fonétis nu ngagunakeun linambang nu tangtu dumasar kana analisis fonémis nu digunakeun salaku sistem aksara nu gampang dibaca.
 - (3) Transkripsi gemet (*narrow transcription*) nya éta transkripsi fonétis kalawan gemet nu ngagambarkeun kontinum ungkara.
- 1) Transkripsi fonémis (*phonemic transcription, phonemic notation*) nya éta transkripsi anu ngagunakeun hiji lambang pikeun ngagambarkeun (nuliskeun) hiji foném kalawan teu merhatikeun perbédaan fonétisna, biasana dicirian ku [...]. Contona, cara nuliskeun kecap *ngaliang* anu kieu [*ŋaliang*] nu ngan ngagambarkeun foném-foném nu aya.
 - 2) Transkripsi ortografis nya éta transkripsi anu luyu jeung kaédah-kaédah éjahan nu dipaké dina hiji basa, contona: *ngaliang*


International Phonetic Alphabet

Sistem tulisan atawa transkripsi fonétis anu lumrah digunakeun nya éta ti *International Phonetic Association (IPA)*. Jaba ti éta, aya transkripsi fonétis séjénna saperti nu kapinggih dina: *Webster's New Collegiate Dictionary, The American College Dictionary, jeung The Thorndike Barnhart Dictionaries*.

Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa kaluar liwat sungut, balukarna hawa kacandet sakeudeung.
- (b) Daun létah jeung tungtung létah ditekenkeun kana gugusi, balukarna hawa anu liwat kana longlongkrang daun létah jeung gugusi teu ngagésér.
- (c) Huntu luhur jeung handap rapet, sarta sungut muka lega.

Gambar 4.17.
Konsonan Gésér Vélar [x] (éks)



Keterangan:


- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa kaluar tina sungut, puhu létah ditekenkeun kana lalangit hipu balukarna rohangan antara puhu létah jeung lalangit haheureutan sarta sorana ngagésér.
- (b) Pita sora henteu milu ngageter.

Gambar 4.18.
Konsonan Gésér Laringal [h]



- (a) Hawa diengapkeun ka luar waktu glotis digésérkeun, posisi glotis muka tapi leuwih heureut.
- (b) Pita sora henteu milu ngageter.

Gambar 4.19.
Konsonan Geter-Alvéolar [r]




Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa kaluar tina sungut.
- (b) Léta ngawangun lengkungan nu rapet jeung tungtung léta nepi ka anggang tina gugusi tukang, balukarna jalanna hawa ngageter.

5) Sémi Vokal

Sémivokal ngawengku sémi vokal labiodéntal jeung sémi vokal palatal.

Gambar 4.20.
Sémi Vokal Labiodén



6. TRANSKRIPSI JEUNG TRANSLITERASI

6.1. Transkripsi

Transkripsi nya éta nuliskeun ucapan atawa ngarobah téks geusan méré saran: ucapan sora, foném, morfém, atawa tulisan luyu jeung éjahan anu dipaké dina basa sasaran (Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa, 1975:25).

Ari transkripsi téh rupa-rupa, kayaning saperti ieu di handap:

- 1) Transkripsi fonétis (*phonetic transcription*) nya éta nuliskeun nu sipatna ngagambarkeun sakumna sora basa kalawan gemet, biasana dicirian ku [. . .], contona: [ŋalʲar]. Ku kituna, ieu transkripsi téh mangrupa transkripsi anu pohara talitina, anu tujuanana nyatet kalawan gemet sakabéh ciri ucapan dina ungkara anu kareungeu ku panyatetna. Sok sanajan kitu, moal mungkin bisa nyatet sora-sora basa kalawan gemet pisan. Cindekna, moal sampurna pisan. Transkripsi fonétis diperlukeun pikeun ngabédakeun kalawan gemet sawatara ucapan dialék-dialék jeung alofon-alofon. Contona, kumaha ngucapkeun foném [n] dina kecap *nanda* [nanda?] jeung [n] dina kecap *kancing* [kañciŋ]. Transkripsi fonétis diperlukeun dina pangajaran basa, upamana dina pangajaran basa deungeun. Kitu deui dina pangajaran basa Indonésia, transkripsi fonétis dipérlukeun pikeun kasaragaman ucapan baku. Ari dina ka Bandung → ka / Bandung

dina méja → dina / méja
 di imah → di / imah

3) Sendi Rangkepan (//)

Sendi rangkepan nya éta randegan anu aya antara dua fungsi unsur klausa atawa kalimah. Ukuran panjangna leuwih tina safoném, contona:

Éta mah anu kuring. → Éta mah // anu kuring.
 Bapa mah nuju angkat. → Bapa mah // nuju angkat.
 Anjeunna téh teu damang. → Anjeunna téh // teu damang.

4) Sendi Ké pang Rangkepan (#)

Sendi ké pang rangkepan nya éta anu aya saméméh jeung ahir kalimah gunana pikeun tanda yén éta kalimah téh geus pungkas. Ieu randegan téh biasana babarengan jeung nada turun (#), nada datar (#), jeung nada naék (#), contona:

a) Kuring rék indit ka Bandung.

#[2] 3 // [2] 3 1 [2] 31 #

b) Korsi manéhna?

#[2] 3 // [2] 3 #

c) Indit!


#[2] 3 #

Conto-conto di luhur dilarapkeun kana (a) kalimah wawaran, (b) kalimah pananya, jeung (c) kalimah paréntah.

Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa kaluar tina sungut, biwir handap dirapetkeun kana biwir luhur, puhu létah dideukeutkeun kana lalangit hipu, balukarna hawa tina bayah rada kacandet sakeudeung.
 (b) Posisi biwir duanana rada geter, sarta pita sora milu ngageter.

Gambar 4.21.
Sémi Vokal Palatal [y]



Keterangan:

- (a) Elak-elakan dikaluhurkeun nepi ka hawa sabagian liwat kana irung, sabagian deui kana sungut. Tengah létah dideukeutkeun kana lalangit teuas, balukarna hawa tina bayah kacandet sakeudeung.
 (b) Pita sora milu ngageter.

4.3. Ciri Fonétis Sora Basa

Unggal sora basa (fon) téh bakal ngagambarkeun sakumna polah nu dipilampah ku pakakas ucap. Éta sababna, sora basa téh bisa dipasing-pasing tur dicirian dumasar kana cara diwangunna. Tarékah ngagunduk-gunduk tur nyirian sora basa téh mangrupa tarékah panghandapna dina nyusun tata basa atawa kaédah basa, sarta mangrupa garapan *fonétik sistematik* atawa *fonétik artikulatoris*.

Ciri-ciri fonétis sora basa téh bisa digambarkeun dina bagan kieu Halim (1974:170); Cairns & Cairns, (1976:73).

Ngarah babari nyirian kontur intonasi, nya éta pola gabungan titinada, sok remen digunakeun gurat. Intonasi téh sok digambarkeun kieu:

- (1) Nada luhur pisan = 4
- (2) Nada luhur = 3
- (3) Nada sedeng = 2
- (4) Nada handap = 1

Contona:

(1a) Dua.

#2 3 1 #



(2a) Ka mana?

#2 3 3 #

5.4.4. Randegan

Randegan (*jeda, kesenyapan, persendian*) mangrupa ciri eureunna sora dina basa. Sora-sora basa ségméntal saperti engang, kecap, frasa, klausa, jeung wacana; tinangtu waé dibarengan ku sora supraségmental randegan. Sora supraségmental anu mibanda ciri prosodi eureun luyu jeung engapan anu disebut randegan, *jéda, kesenyapan, atawa persendian*. Nurutkeun tempatna randegan bisa dibagi opat:

1) Sendi Tambah (+)

Sendi tambah nya éta randegan anu aya antara dua engang atawa leuwih dina kecap. Ukuran panjangna kurang tina safoném, contona:

gélo → gé + lo

piring → pi + ring

raat → ra + at

2) Sendi Tunggal (/)

Sendi tunggal nya éta randegan anu aya antara dua kecap atawa leuwih dina frasa, ukuran panjangna safoném

Ih, teu boo^{oo}ooga anu kitu mah!

Kecap *boga* sacara fonétis bisa dicirian kieu: [bo:ga?] atawa [bōga?].

5.4.3. Wirahma

Wirahma atawa nada (*pitch*; aksén tonis) nya éta luhur handapna sora omongan. Sora ségméntal anu dikedalkeun kalawan frékuénsi geteran luhur, tangtu éta sora téh bina-rung jeung sora supraségméntal nada luhur tur naék. Kitu deui sabalikna, lamun sora supraségméntal dikedalkeun ka-lawan frékuénsi geteran beuki handap, tangtu baé nadana ogé turun tur handap.

Nada biasana diwincik jadi tilu rupa; nyaéta:

- a) Nada naék, nya éta nada anu sorana ngaluhuran, biasana dicirian ku tanda [. . . ^]
- b) Nada datar, nya éta nada anu sorana lempeng, biasana dicirian ku tanda [. . > .]
- c) Nada turun, nya éta tanda anu sorana ngahandapan, ditandaan ku [. . . \.].

Variasi nada anu marengan sora ségméntal dina kalimah disebutna téh *lentong* (intonasi). Intonasi museur kana naék atawa turunna nada waktu ngomong atawa ngucapkeun kalimah. Ku kituna, intonasi mangrupa parobahan titinada dina nyarita, malah sok diébréhkeun dina angka (1, 2, 3, jeung 4 anu ngalambangkeun titinada) atawa buleudan-buleudan

(anu ditempatkeun dina skala balok not musik). Dina prakna mah ngagunakeun angka téh leuwih ékonomis. Tapi, hanjakalna téh heunteu écés kumaha parobahan titinadana

5. VARIAN SORA BASA

Varian téh mangrupa bagian tina variasi atawa wujud tina rupa-rupa maniféstasi unsur-unsur basa dina kontéks nu tangtu. Variasi sora (vokal atawa konsonan) mangrupa wujud sora anu baganti jeung sora séjénna waktu nyarita, biasana teu ngarobah harti.

Contona sora [ö] dina kecap *naeun* mangrupa varian tina sora [o]. Kitu deui sora [w] mangrupa varian tina sora [b] dina kecap *batu*. Najan ucapan jeung wangunna béda, sora [ö] jeung sora [w] henteu dianggap sora anu mandiri lantaran mangrupa varian tina sora [o] jeung [b]. Disebut varian lantaran éta sora téh najan wangun jeung ucapanana béda, tapi henteu ngabédakeun harti.

Nilik kana pasipatanana, varian sora basa téh bisa dibagi dua, nya éta (1) varian kauger (alofon) jeung (2) varian bébas (alternan).

5.1. Varian Kauger (Alofon)

Varian kauger atawa alofon nya éta variasi ngucapkeun sora basa dina distribusi kompleméntér (silihlingkep), biasana ditangtukeun ku lingkunganana sarta tetep dina anggota sora basa anu sarua, contona:

- Sora [o] dina kecap [noʔoŋ] (noong) béda jeung sora [O] dina kecap (boboko). Najan sorana béda, tapi tetep dina anggota sora anu sarua.
- Sora [n] anu aya saméméh atawa sabada vokal, bakal béda sorana jeung [n] anu aya saméméh [c, j], contona: *nanda* ==> [nandaʔ] jeung *lahun* ==> [lahUn] Béda jeung ucapan [n] dina kecap *kancing* ==> [kañciŋ] jeung *panjang* ==> [pañjaŋ].

Sora [a] dina ucapan *nanda* jeung *lahun* diucapkeun gembleng [n], tapi dina ucapan *kancing* jeung *panjang* diucapkeun semu sora [ñ].

Varian sora basa bakal dibagi dua, nya éta: (1) varian kauger vokal (alofon vokal) jeung (2) varian kauger konsonan (alofon konsonan).

5.1.1. Varian Kauger (Alofon) Vokal

Varian kauger (alofon) nya éta variasi ucapan sora vokal anu ditangtukeun ku lingkunganana sarta tetep aya dina vokal nu sarua tur teu ngabédakeun harti.

Vokal basa Sunda mibanda variasi kauger anu disebut alofon (émik), sarta biasana dicirian ku [] (dua kurung siku). Najan dina basa Sunda téh bakal mibanda loba alofon lantaran diasistem, tapi éta alofon téh tetep nyoko kana pola anu matok: létah anu aya dina posisi nu tangtu, ngésér ka luhur atawa ka handap nepi ka posisina ngadémpét jeung posisi vokal anu aya dina luhureun atawa handapeunana. Bagian variasi vokal téh kieu:

Bagan 5.1.
Variasi Kauger Vokal Basa Sunda




5.4.1. Tekenan

⁴⁰ Tekenan (aksén; *stress*) nya éta tarik alonna sora waktu nyarita. Pola nekenkeun kecap-kecap dina kalimah disebut ritme. Ku kituna, tekenan téh mangrupa cara ngedalkeun ke-

cap dina kalimah sarta salah sahiji engangna dikedalkeun leuwih tarik atawa leuwih alon.

Tekanan tarik aya dina sora ségméntal anu cara ngucapkeunana dibédaskeun nepi ka amplitudona muka lébar, ari tekanan alon aya dina sora ségméntal anu cara ngucapkeunana dialonkeun nepi ka amplitudo mukana heureut. Ieu conto tekanan dina kalimah:



5.4.2 Jangka

Jangka atawa panjang (kuantitas; aksén témporal) nya éta nu nuduhkeun panjang pondokna sora diucapkeun atawa nuduhkeun lilana sora diucapkeunana. Jadi, lamun aya sora ségméntal anu diucapkeunana panjang, hartina éta sora binarung jeung sora supraségméntal jangka anu panjang.

Dina élmu basa tanda jangka téh dicirian ku [. . . : . . .] (tanda titik dua di hareupeun sora ségméntal) atawa dicirian ku [. . - . .] (tanda gurat dina luhureun sora ségméntal). Panjangna sora téh sok disebut *mora* saperti nu biasa dipaké dina basa Jepang.

Jangka mangrupa cara ngedalkeun kecap sarta salah sahiji engangna dikedalkeun leuwih panjang, contona: Sora [o] dina kecap [boboko?] bakal béda jeung sora [o] dina kecap [no?]. Ari bédana téh balukar sora anu aya saméméhna atawa satukangeunana.

Nurutkeun wewengkon artikulasina, prosés artikulasi panyarta bisa dibagi jadi tilu rupa, nyaéta:

- Labialisasi nya éta ngawangun buleudan biwir dina artikulasi primér nepi kadéngé sora [w] dina sora utama. Labialisasi bisa tumérap kana sakabéh sora, iwal sora labial, contona sora [t] dina kecap *tujuan* sok kadéngé muncul jadi [t] atawa [t labialisasi].
- Palatalisasi nya éta prosés ngangkat daun létah kana deukeut lalangit teuas dina artikulasi primér. Palatalisasi bisa tumérap kana sakabéh sora, iwal sora palatal, contona: sora [p] dina kecap *piara* sok kadéngé muncul jadi [p] atawa [p palatalisasi].
- Glotalisasi nya éta prosés panghalang dina glotis waktu artikulasi primér diucapkeun. Vokal dina awal jeung ahir kecap basa sunda kakeunaan ku glotalisasi. Contona sora [a] dina kecap *arék* bakal diucapkeun kieu [ʔarék].

5.4. Sora Supraségméntal

Sora-sora basa téh aya nu ngawujud jeung aya nu tanwujud. Foném-foném anu ngawujud saperti vokal jeung konsonan disebut *foném ségméntal*. Jaba ti éta, aya sora-sora basa anu tanwujud, tapi mangrupa panambah kana foném-foném ségméntal. Foném-foném anu gunana pikeun marangan foném-foném ségméntal disebut foném supraségméntal.

Foném-foném supraségméntal bisa dipasing-pasing nurutkeun ciri-cirna waktu ngucapkeun foném ségméntal. Ciri-ciri foném supraségméntal disebut ciri supraségméntal atawa ciri prosodi (*prosodic features*). Ciri prosodi bisa mangrupa: tekanan, jangka, nada, jeung randegan.



Variasi kauger (alofon) vokal basa Sunda bakal didadarkeun nurutkeun warna, ucapan, katut ajénna.

- 1) Sora [i] mangrupa vokal luhur-hareup-teu buleud anu mibanda varian kieu:
 - (1) [i^Y] mibanda palatalisasi mun dituturkeun ku vokal [a,o,ö,e,u], contona: [ti^Yasa?]/-tiasa/, [mi^Yos]/-mios/, [li^Yör]/-lieur/, [ri^Ycs]/-ries/, jeung [di^Yuk]/-diuk/.
 - (2) [ĩ] mibanda nasalisasi lamun dituturkeun ku konsonan [m,n,ñ,ŋ], contona: [ĩmbit]/-imbit/, [ĩndun]/-indung/, [ĩñana?]/-inyana/, [ĩŋkig]/-ingkid/.
 - (3) [i̇] mibanda makron atawa sorana manjangan lamun aya dina engang muka, tapi lain di tungtung kecap, conto: [bibi?]/-bibi/, [kitu?]/-kitu/.
 - (4) [i̇] ngendoran sorana lamun aya dina engang nutup, contona: [laln]/-lain/, [salln]/-salin/.
 - (5) [ʔi] mibanda glotalisasi awal lamun aya dina engang awal anu muka, contona: [ʔidcr]/-ider/, [ʔiŋkig]/-ingkid/.
 - (6) [iʔ] mibanda glotalisasi ahir lamun aya dina engang ahir anu muka atawa sabada sora [i], contona: [tadi?]/-tadi/, [kiʔih]/-kiih/.
- 2) Foném [ɛ] mangrupa vokal tengah-hareup-teu buled, anu mibanda varian kieu:
 - (1) [ɛ] mibanda sora gembleng lamun aya di antara dua konsonan upamana: [pɛnta?]/-pénta/, [dɛŋdék]/-déngdék/, [gɛgdɛŋ]/-gegedén/.

- (2) [ʔɛ] mibanda glotalisasi awal lamun aya dina awal engang anu muka contona: [ʔɛlɛh]/-éléh/, [ʔɛta]/-éta/.
 - (3) [ɛʔ] mibanda glotalisasi ahir lamun aya dina ahir engang anu muka contona: [capɛ?]/-capé/, [tɛmpɛ?]/-témpé/.
- 3) Foném [ɔ] mangrupa vokal tengah-puseur-teu buleud, anu mibanda varian kieu:
 - (1) [ɔ] mibanda sora gembleng lamun aya sabada konsonan atawa aya di antara dua konsonan, contona: [gɔlcɔcr]/-geleber/, [bɔlcɔbcg]/-belegbeg/.
 - (2) [ʔɔ] mibanda glotalisasi awal lamun aya di awal kecap anu engangna muka, contona: [ʔɔmban]/-emban/, [ʔɔma?]/-ema/.
 - 4) Foném [o] mangrupa vokal tengah-tukang-buleud, anu mibanda varian kieu:
 - (1) [o] mibanda sora gembleng lamun aya dina engang anu muka, contona: [boboko?]/-boboko/, [boloho?]/-boloho/.
 - (2) [ʔo] mibanda palatalisasi lamun dipiheulaan ku vokal [i,e], contona: [cʔos]/-cios/, [karɛʔo?]/-karéo/.
 - (3) [o^w] mibanda labialisasi lamun dituturkeun ku vokal [ɛ,a], contona: [ko^wɛt]/-koét/, [bo^wa?]/-boa/.
 - (4) [õ] mibanda nasalisasi lamun dituturkeun atawa dipiheulaan ku foném nasal [m,n,ñ,ŋ], contona: [ʔOmpõŋ]/-ompong/, [mõñõŋ]/-monyong/, [kɔmõŋ]/-kémong/, [ŋõmõŋ]/-ngomong/.
 - (5) [ʔo] mibanda glotalisasi awal lamun aya di awal engang anu muka, contona: [ʔopak]/-opak/, [ʔorok]/-orok/.
 - (6) [oʔ] mibanda glotalisasi ahir lamun aya di ahir engang anu muka, contona: [gado?]/-gado/, [sato?]/-sato/.

5) Foném [ö] mangrupa vokal luhur-pusér-teu buléd, anu mibanda varian kieu:
ngawangun sora basa téh silihjangaruhan, boh dina ngawangun sora anu miheulaan atawa sora anu aya sapandeuri-
eunana. Elmuning Sora Basa Sunda

Silihjangaruhan sora basa nya éta silihjangaruhan sora-sora basa waktu ngucapkeunana, bisa dibagi kieu:

5.3.1. Prosés Asimilasi

Prosés asimilasi nya éta silihjangaruhan sora-sora basa tanpa ngarobah idéntitas foném. Nilik kana posisina, asimilasi bisa dibagi dua:

2) **Asimilasi progrésif** nya éta asimilasi anu nyaruakeun sora anu béda sarta aya di hareupeun sora anu nyaruakeunana. contona:

- kandaga ==> kanaga
- sambara ==> samara
- lambusir ==> lamusir

3) **Asimilasi régrésif** nya éta asimilasi anu nyaruakeun sora anu béda sarta aya saméméh sora anu nyaruakeunana, contona:

- alsalam ==> assalam
- inmoral ==> immoral

5.3.2. Prosés Disimilasi

Prosés disimilasi nya éta silihjangaruhan sora-sora basa anu sarua jadi béda tanpa ngarobah idéntitas foném. Disimilasi ngarobah sora anu béda jadi sora anu sarua, contona:

- sajjana ==> sarjana
- neurneur ==> neuhneur
- maraymay ==> marahmay

5.3.2. Prosés Artikulasi Panyarta

Prosés artikulasi panyarta nya éta prosés silihjangaruhan sora basa ku sora basa séjénna dina lingkungan anu sarua, sora basa naon ku sora basa mana anu mangruhanana.

5.2.2. Varian Bébas (Alternan) Konsonan

Varian bébas (*alternan*) konsonan nya éta variasi ngucapkeun sora konsonan ku cara ngaganti konsonan nu hiji ku konsonan séjénna tanpa ngarobah harti, contona:

[b]	--	[w]	:	[bclan]	→	[wclan]
				/belang/		/welang/
[b]	--	[r]	:	[babut]	→	[rabut]
[b]	--	[h]	:	[banjat]	→	[hanjat]
[c]	--	[w]	:	[carijin]	→	[warijin]
				/caringin/		/waringin/
[c]	--	[j]	:	[caran]	→	[jaran]
				/carang/		/jarang/
[h]	--	[s]	:	[hög]	→	[sög]
				/heug/		/seug/
[k]	--	[g]	:	[kumasɛp]	→	[gumasɛp]
[k]	--	[r]	:	[waka]	→	[wara]
[p]	--	[k]	:	[pompa]	→	[kompa]
[r]	--	[c]	:	[ragap]	→	[cagap]
[r]	--	[d]	:	[iscr]	→	[iscd]
[r]	--	[l]	:	[rcrcs]	→	[lrcrs]

Tangtu waé loba kénéh varian-varian bébas séjénna, boh variasi bébas vokal boh variasi bébas konsonan. Anu dibéréndélkeun di luhur mah ngan sakadar conto wungkul.

5.3. Pangaruh Sora Basa

Dina prakna ngucapkeun sora-sora basa, sora anu hiji teu bisa leupas tina pangaruh sora séjénna dina kontéks nu tangtu. Ari sababna, kagiatan alat ucap nu hiji raket patalina jeung kagiatan alat ucap séjénna. Cindekna, alat ucap dina

- (1) [ö] mibanda sora gembleng lamun aya sanggeus konsonan atawa aya di antara dua konsonan, contona: [böröm]/-beureum/, [sampo?]/-sampeu/.
- (2) [ö] mibanda nasalisasi lamun dipiheulaan atawa diturkeun ku foném m, n, ny, ng, contona: [böröm]/-beureum/, [kajön]/-kajeun/, [?öñöh]/-eunyeuh/, [böwön]/-beuweung/, [ñöröyöh]/-ngeureuyeuh/.
- (3) [?ö] mibanda glotalisasi awal lamun aya di awal engang anu muka atawa aya sanggeus sora [i], contona: [?öwöh]/-euweuh/, [hö?öh]/-heueuh/.
- (4) [ö?] mibanda glotalisasi ahir lamun aya di ahir engang anu muka, contona: [sampo?]/-sampeu/, [?öplö?]/-eupleu/.
- 6) Foném [a] mangrupa vokal handap-puseur-teu buleud, anu mibanda varian kieu:
- (1) [â] mibanda aksén sir kompléks lamun aya sabada konsonan atawa di antara dua konsonan, contona: [dâtân]/-datang/, [pâsâr]/-pasar/.
- (2) [?a] mibanda glotalisasi awal lamun aya di awal engang anu muka atawa sabada sora [a], contona: [?asal]/-asal/, [ba?a]/-baal/.
- (3) [a?] mibanda glotalisasi ahir lamun aya di ahir engang anu muka, contona: [bapa?]/-bapa/, [mana?]/-mana/.
- 7) Foném [u] mangrupa vokal luhur-tukang-buleud, anu mibanda varian kieu:
- (1) [U] mibanda sora anu gembleng lamun aya di antara dua konsonan (KVK), contona: [rabUt]/-rabut/, [wawUh]/-wawuh/, [walUh]/-waluh/.

- (2) [û] mibanda aksén sir kompléks lamun aya dina engang muka, contona: [bûkû?]/-buku/, [wûlûkû?]/-wuluku/.
- (3) [u] mibanda nasalisasi lamun aya saméméh atawa sabada foném nasal [m,n,ñ,ŋ], contona: [muntan]/-muntang/, [tumbila?]/-tumbila/, [kuñit]/-kunyit/, [kuntun]/-kuntung/.
- (4) [?u] mibanda gotalisasi awal lamun aya di awal engang atawa sabada sora [u], contona: [?ulah]/-ulah/, [su?uk]/-suuk/.
- (5) [u?] mibanda glotalisasi ahir lamun aya di ahir engang muka, contona: [suku?]/-suku/, [huntu?]/-huntu/.
- (6) [u^w] mibanda labialisasi lamun diturkeun ku vokal [i,e,a], contona: [ku^wir]/-kuir/, [ku^weh]/-kuéh/, [ku^wah]/-kuah/.

5.1.2. Varian Kauger (Alofon) Konsonan

Varian kauger (alofon) konsonan nya éta variasi ucapan sora konsonan anu ditangtukeun ku lingkunganana sarta tep aya dina konsonan anu sarua tur teu ngabédakeun harti. Teu béda jeung alofon vokal, alofon konsonan ogé dicirian ku [] (dua kurung siku). Varian kauger (alofon) konsonan bakal didadarkeun nurutkeun warna, ucapan, katut ajénna konsonan. Ngarah leuwih jéntré mah bisa dititénan pedaran di handap.

- 1) Foném [p] mangrupa konsonan mandeg-bilabial-tansora-an anu mibanda varian kieu:
- (1) [p-] sorana kedal atawa lepas lamun diturkeun vokal, contona: [pipi?]/-pipi/, [papan]/-papan/.
- (2) [-p] sorana teu kedal lamun aya di tungtung kecap jadi panutup sora, contona: [hilap]/-hilap/, [hatöp]/-hateup/.
- 2) Foném [b] mangrupa konsonan mandeg-bilabial-soraan nu mibanda varian kieu:

- (1) [b-] sorana kedal lamun dituturkeun ku vokal, contona: [bubu?]/bubu/, [balabah]/balabah/.
- (2) [-b] sorana teu kedal lamun aya di tungtung kecap jadi panutup sora, contona: [halabhab]/-halabhab/, [ñinjab]/-nyinjab/.

béda, tapi hartina sarua, sarta aya dina lingkungan artikulasi anu sarua.

2) Sora [o] dina kecap /soron/ jeung sora [u] dina kecap /surung/. éta sora téh siligénti dina kecap anu wangunna béda, tapi hartina sarua.

Nilik kana pasipatanana, varian bébas (altéran) téh bisa dibagi dua: (1) varian bébas vokal, jeung (2) varian bébas konsonan.

5.2.1. Varian Bébas (Alternan) Vokal

Varian bébas (alternan) vokal nya éta variasi ngucapkeun sora vokal ku cara ngaganti vokal nu hiji ku vokal séjénna tanpa ngarobah harti, contona:

[u]	--	[o]	:	[surun]	→	[soron]
				/surung/	→	/sorong/
[u]	--	[c]	:	[punjur]	→	[pcnjkr]
				/pungkur/	→	/pengker/
[u]	--	[a]	:	[sebut]	→	[sebat]
[a]	--	[i]	:	[utama]	→	[utami]
[i]	--	[ε]	:	[itung]	→	[εtan]
				/itung/	→	/étang/
[ö]	--	[ε]	:	[hööh]	→	[hε?εh]
				/heueuh/	→	/hééh/
[a]	[ε]	- [u]	:	[bcgan]	→	[bcgεn] → [bcgun]

				/begang/		/begéng/ /begung/
[o]	--	[ε]	:	[nonɔt]	→	[nεnɔt]
				/nongtot/		/néngtét/

jeung [z]. Najan ieu foném téh remen dipaké, tapi dina basa Sunda dianggap asing kénéh.

20) Foném [f] mangrupa konsonan gésér-labiodéntal-tansoraan anu mibanda variasi kieu:

- (1) [f] sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [fonεm]/-foném/, [ʔεfektif]/-éféktif/.
- (2) [p] sorana patukeur kalawan bébas jeung sora [f], upamana: [pikir]/-pikir/, [aktip]/-aktip/, [sipat]/-sipat/.

21) Foném [v] mangrupa konsonan gésér labiodéntal soraan mibanda varian kieu:

- (1) [v] sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [vélid]/-vélid/.
- (2) [f] sorana patukeur jeung sora [v], contona: [konfensional]/-konvénsional/.
- (3) [p] sorana patukeur bébas jeung konsonan v, contona: [pokal]/-vokal/.

22) Foném [x] mangrupa konsonan gésér-vélar-tansoraan anu mibanda variasi saperti kieu:

- (1) [ks] lamun aya dina tungtung engang anu nutup, contona: [komplεks]/-kompléks/, [sεks]/-séks/.
- (2) [-k] lamun aya dina tungtung engang anu nutup, contona: [tεk]/-ték/, [klimak]/-klimak/.

23) Foném [q] mangrupa konsonan mandeg-uvular-tansoraan mibanda variasi kieu: [q] lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [Quran]/-Quran/, [alfurqan]/-alfurqon/.

5.2. Varian Bébas (Alternan)

Varian bébas (alternan) nya éta variasi ngucapkeun sora basa ku cara ngaganti sora basa ku sora basa séjénna dina distribusi komplementér, biasana ditangtukeun ku lingkungan artikulasi nu sarua, tapi teu ngarobah harti, contona: Sora [w] dina kecap /wataŋ/ jeung sora [b] dina kecap /batang/, éta sora téh siligénti dina kecap anu wangunna

3) Foném [t] mangrupa konsonan mandeg-déntal-tansoraan anu mibanda varian kieu:

48 (1) [t-] sorana kedal lamun dituturkeun ku vokal, conto: [tilu?]/-tilu/, [kitu?]/-kitu/.

(2) [-t] sorana teu kedal lamun aya ditungtung kecap jadi panutup sora, contona: [koret]/-korét/, [kapat]/-kapat/.

4) Foném [d] mangrupa konsonan mandeg-déntal-soraan anu mibanda varian kieu:

(1) [d-] sorana kedal lamun dituturkeun ku vokal, conto: [dukuh]/-dukuh/, [tadi?]/-tadi/.

(2) [-d] sorana teu kedal lamun aya ditungtung kecap, contona: [ʔudud]/-udud/, [senked]/-séngkéd/.

5) Foném [c] mangrupa konsonan mandeg-palatal-tansoraan anu mibanda varian kieu: [ĉ] mibanda aksén sirkompléks lamun dituturkeun ku vokal, contona: [ĉa?i]/-cai/, [ngaruĉat]/-ngarucat/.

6) Foném [j] mangrupa konsonan mandeg-palatal-soraan nu mibanda varian kieu: [j] mibanda aksén sirkompléks lamun dituturkeun ku vokal, contona: [jarami?]/-jarami/, [baju?]/-baju/.

7) foném [k] mangrupa konsonan mandeg-vélar-tansoraan anu mibanda varian kieu:

(1) [k-] sorana kedal lamun dituturkeun ku vokal, conto: [kuku?]/-kuku/, [kalakay]/-kalakay/.

(2) [-k] sorana teu kedal lamun aya di tungtung engang jadi panutup sora, contona: [marak]/-marak/, [ruksak]/-ruksak/.

8) Foném [g] mangrupa konsonan mandeg-vélar-soraan nu mibanda varian kieu:

(1) [g-] sora kedal lamun dituturkeun vokal, contona: [guguru]/-guguru/, [sugu]/-sugu/.

(2) [-g] sora teu kedal lamun aya dina tungtung engang jadi panutup sora, conto: [murag]/-murag/, [ngarigig]/-ngarigig/.

22) Foném [ʔ] mangrupa konsonan mandeg-glotal-tansoraan anu mibanda varian kieu:

(1) [ʔ] sora kedal lamun dituturkeun ku vokal di awal kecap atawa aya di antara dua vokal nu sarua, contona: [ʔabah]/-abah/, [ʔéyan]/-éyang/, [ʔontrog]/-ontrog/, [ʔemang]/-emang/, [ʔöwöh]/-euweuh/, [ʔimah]/-imah/, [ʔumur]/-umur/, [caʔah]/-caah/.

(2) [-ʔ] Sora teu kedal lamun aya di tungtung engang anu muka, contona: [bataʔ]/-bata/, [batuʔ]/-batu/, [batiʔ]/-bati/, [sampö]/-sampeu/, [kodɔʔ]/-kode/, [bakoʔ]/-bako/, [kɛɛʔ]/-kéré/.

23) Foném [s] mangrupa konsonan gésér-déntal-tansoraan nu mibanda variasi kieu: [s] sorana gambléng mun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [sahaʔ]/-saha/, [ʔasup]/-asup/, [töas]/-teuas/.

24) Foném [h] mangrupa konsonan gésér-glotal-tansoraan nu mibanda variasi kieu: [h] sorana gambléng mun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [hayam]/-hayam/, [walUh]/-waluh/.

25) Foném [l] mangrupa konsonan lateral-déntal-soraan anu mibanda variasi kieu: [l] sorana gambléng mun aya sa-

- méméh atawa sabada vokal, contona: [lamun]/lamun/, [kadal]/kada/.
- 26) Foném [r] mangrupa konsonan geter-déntal-soraan anu mibanda variasi kieu: [r] sorana gembleng mun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [rariwöh]/rariweuh/, [watir]/watir/, [margi]/margi/.
- 27) Foném [m] mangrupa konsonan nasal-bilabial-soraan anu mibanda variasai kieu: [m] sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [manga?]/mangga/, [sampö?]/sampeu/, [pɔlɔm]/pelem/.
- 28) Foném [n] mangrupa konsonan nasal-déntal-soraan anu mibanda variasi kieu: *Elmuning Sora Basa Sunda*
- (1) [n] sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [nanda?]/nanda/, [lahUn]/lahun/.
- (2) [ñ] sorana semu palatal lamun aya séméméh konsonan [c] jeung [j] contona: [kañciŋ]/kancing/, [pañjaŋ]/panjang/.
- 29) Foném [ɲ] mangrupa konsonan nasal-palatal-soraan anu mibanda variasi kieu: [ɲ] sorana gembleng lamun aya saméméh vokal, contona: [ɲatu?]/nyatu/, [naña?an]/nanyaan/, [ñoño?o]/nyonyoo/.
- 30) Foném [ŋ] mangrupa konsonan nasal-vélar-soraan anu mibanda variasi kieu: [ŋ] sorana gembleng lamun aya saméméh atawa sabada vokal, contona: [ŋaŋon]/ŋangon/, [caraŋ]/carang/, [bunjaŋ]/bungah/.
- 31) Foném [w] mangrupa sémivokal-bilabial-soraan anu mibanda variasi kieu:
- (1) [w-] sorana kedal lamun dituturkeun vokal, contona: [wayaŋ]/wayang/, [wawUh]/wawuh/.
- (2) [-w], sorana teu kedal lamun aya di tungtung engang salaku panutup sora, contona: [cɔwaw]/cewaw/, [gatöw]/gateuw/.

32) Foném [y] mangrupa sémivokal-gésér-palatal soraan anu mibanda variasi kieu:

(1) [y-] sorana kedal lamun aya saméméh vokal, contona: [yuswa?]/yuswa/, [payUs]/payus/.

(2) [-y] sorana teu kedal lamun aya di tungtung engang salaku panutup sora, contona: [tuluy]/tuluy/, [ŋélay]/ŋélay/, [!ó!óy]/!euleuy/.

Jaba ti éta, balukar ayana pangaruh basa deungeun, dina basa Sunda kapanggih ucapan foném [f], [v], [x], [q],